ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПЛАНЪ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№89 (23.497) ● 2017 гъэм накъыгъэм (майм) и 18, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къашыргъо Б. Хь. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Лъэпкъ музыкэ гъуэдж1эм зегъэужьыным куэд зэрыхущ1ыхьам папщ1э Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етым **Къашыргъо Билал Хьэнащхьуэ и къуэм** - композиторым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм накъыгъэм и 17-м
№76-УГ

Журавлёв А. И. теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкl1э, тарифхэмкl1э, псэупl1эм и Iэнатl1эм щыкl1элъыпл1ынымкl1э и къэрал комитетым и унафэщ1ым и къалэнэр гъэзэщ1эныр щхьэщыхьэм Журавлёв Андрей Иван и къуэм.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкl1э, тарифхэмкl1э, псэупl1эм и Iэнатl1эм щыкl1элъыпл1ынымкl1э и къэрал комитетым и унафэщ1ыр яг1эувыху абы и къалэнхэр игъэзэщ1эну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкl1э, тарифхэмкl1э, псэупl1эм и Iэнатl1эм щыкl1элъыпл1ынымкl1э и унафэщ1ым и къуэдзэ Безниковэ Иринэ Сергей и пхъум.

3. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщ1эздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм накъыгъэм и 16-м
№74/1 -УГ



Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэр зи щхьэ Iуэхукlэ къекIуэлIахэм щахуэзащ Урысей Федерацэм и Президентым и Iуэхущ1апl1эу республикэм и Правительствэм и Унэм щы1эм

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. зи щхьэ Iуэхукlэ къекIуэлIа цIыхубзым дыгъуасэ щахуэзащ Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. и Iуэхущ1апl1эу Правительствэм и Унэм щы1эм.

ЦIЫХУХЭМ я лъэIуэмрэ тхьэусыхафэхэмрэ теухуауэ щытащ псэупl1эм, федеральнэ медицинэ центрхэм яц1ыкI зым щы1эзэгъэзэным, сабий куэд зиIэ унагъуэхэм ядэлэпкъуным.

Дэтхэнэ зы Iуэхури зэман пыухыкIам кьриубыдэу зэхэгъэкIыным теухуауэ властымрэ управленэмрэ я органхэм зыхуэфащэ къалэнхэр хуагъэуващ.

Республикэм и Iэтащхьэм ц1ыхуэр щригъэблагъэм щы1ягъащ КЪБР-м кьеГъэщ1ыпl1а федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Канунников В.А.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апl1э.

Республикэм исхэмрэ ди хьэщIэхэмрэ гу зылъатапхъэ

Налшык къалэм и паркым щы1ыр нэгузэгъэужьыпl1э аттракционым кьыбгъурыт утыкум 2017 гъэм накъыгъэм и 24-м щекIуэкIынущ Славян тхыбзэмрэ щэнхабзэмрэ я махуэм теуху дауэдащ1экр. Иужьрей илъэсхэм хабзэ хъуауэ, а махуэр Урысейм и щы1налъэ куэдым щагъэлъапl1э икIи Владивосток къыщегъэжьауэ Калининград нэсыху зы зэманым гуфIэгъуэ концертхэр щокIуэкI.

Налшык къыщызэрагъэпэщыну гуфIэгъуэм хиубыдэу концерт ятыкIуэ къэфакIуэхэмрэ зэрэджыIакIуэхэмрэ, хор нэхъыфIхэм.

Концертым сыхьэт 13-м щ1идзэнущ.





«Луганскрэ Донецкрэ я щы1налъэхэр Iэщ1э къэдгъэсэбэпу зыхущ1эхьэжьным и гугъу тщ1ыхьэрэкьым дэ. Сыту жыпl1эмэ, щэч кьы1этетхьэркъым ахэр Украинэм щыщ рестубликэхэу зэрыщ1ытым», - жиIащ Полторак.

Политологэм абы падзыжьи я мащ1этэкъыми, зэуэ упщ1эхэр трагъэлъалъэу уиужьащ. «Ахэр фи щы1налъэмэ, абы щыпсэуэхэр фи ц1ыхуу къэфакIыхьтэмэ, 2014 гъэм и мэлыжьыхь пlэнд1эрэ абыхэм фыщ1езауэр, щ1ыз1евгъкIэр, я унэхэр щы1эзтефкъутэр сыт?!» «Хьэмэрэ иф1 зыкьифшэжмэ, фи Iуэху нэхъ щыкIыну къэфлъытауэ ара Украинэм и унафэщ1хэм, е а лъэбакъуэм зыгуэрым фыхуигъэIуща?» - апхуэдэ псалъэхэр хуагъэхь зыхъумэжьныгъэмкIэ министрым.

Насыпыфlэу ущытыну ухуеймэ...

Сыт ц1ыхур насыпыфlэ зыщ1ыр? Дунейр къызэрихухэрэ жэуап зымыгъуэт уплъ1эу къыщ1экIынущ ар, сыту жыпl1эмэ насыпыр ц1ыхухэм зыхалъагъуэр зэтехуэркъым.

Псалъэм папщ1э, зым и дежкIэ насыпыш1ухэщ мелардыгрыбжэ хъунир, нэгъуэщ1ым Iуащ1хэмахуэ и щыгум къэзыщ1ухэр зыпищ1 фIыгъуэ щы1экъым. Америкэм щыщ щ1эныгъэлI1эм илъэсибл зэкIэлъыкIуэкIэ ирагъэкIуэкIащ ц1ыхум насыпыфIэу зыкъыщ1ыпытэжьыр зэхэгъэкIыжьыныр хуэгъэзэ къэпщ1ытэныгъэхэр.

Гарвард дэт университетым и щ1эныгъэлI1эм Инджвлызым щыщ я лэжьэгъуэхэр къадэIэпыкъуурэ ирагъэкIуэкIа экспериментэм наIуэ хъуауэ щ1ащ, ц1ыхум насыпыфIэу зыкъыпытэжьын икIи а гурыщ1эр нэхъыбэ1уэрэ ихъумэн папщ1э зыплъ1ыхькIуэ нэхъ щ1эх-щ1эхьыгъэ кIуэн хуейщ. Абы щыгъуэми мыкъэнэщхуэ и1экъым ц1ыхуэм и нэгу щыщ1ыгъуэныр щ1ыпI1эм - ар Iэмал имыIэу нэгъуэщ1хэраду е ц1ыхуI1э зытемыувауэ щытын хуейкъым. Нэгъуэщ1 кьалэ е имыIэзгъуэ ауэ гъэрым къыщ1ыхутэми ирикъунуц1 - ц1ыхур зэрамахуэ къэс зыхэт зэрызехьэм, щытыкIэм хэкIын хуейуэ арк1удейщ!

♦Музейхэм я дунейпсо махуэщ. Музейхэм я дунейпсо советым и конференцэм 1977 гъэм къыщащта унафэм ипкъ иткIа ягъэлъапIэ.

♦УФ-м и Балтие флотым и махуэщ

♦Урысейм щагъэлъапIэ Славян тхыбзэмрэ щэнхабзэмрэ я махуэр

♦1268 гъэм мысыр мамлюкхэм Антиохиер яубыдащ.

♦1764 гъэм Петербург къыщызэIуахащ Урысейм и яп1э ц1ыхубз еджапIэр (Смольнэ институтыр).

♦1804 гъэм Наполеон Франджым и императору яг1эуващ.

♦1925 гъэм Адыгэ Республикэм и лъэпкъ музейр къызэIуахащ.

♦1958 гъэм Канны къалэм щекIуэкI 11-нэ кинофестивалым «Дыщэ пальмэ» куадрамэ» саугъэтыр къыщ1ыхуагъэфащащ СССР-м щытраха «Летят журавли» фильмым.

♦2005 гъэм Москва и ЦСКА футбол командэм УЕФА-м и Кубокыр къихьащ.

♦Усакlуэ щ1ары1уэ, астроном, философ **Хайям Омар** къызэрагъэхурэр илъэс 969-рэ ирокъу.

♦Урысейм и иужьрей пащ1ыхь, къэрал унафэр илъэс 23-кIэ зы1эщ1ал1а, Романовхэ ящыщ **Николай Е1ванэр** къызэрагъэхурэ илъэси 149-рэ ирокъу.

♦Уэрэджы1акIуэ, Урысейм и щ1ыгъуэ артисткъ **Баяновэ Аллэ** (и унэц1э дыдэр Левицкэщ) къызэрагъэхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щ1эныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, УФ-ми КъБР-ми щ1эныгъэхэмкIэ щ1ыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Хъуэкlуэн Хьэзраталий** и ныжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэщ щ1эныгъэхэм я кандидат, КъБКъМУ-м и профессор, Щ1ДАА-м и академик, КъБР-м щ1ыхь зиIэ и агроном **Хьэщ1эл1 Руслан** и ныжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щ1ыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, кIэндыкIэ градус 12 - 13 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Щхьэр псэумэ, пыIэ щ1ыщIэркъым.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Республикэм зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэр нэхъыбэ мэхъу

КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр - иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ республикэм законхэр къэзыщтэ орган нэхъыщхьэм и сипкер Егоровэ Татьянэ. Абы хиубыдэу Правительствэм хухаха зэманыр къагъэсэгъэпри, депутатхэр, тепсэлъыхьащ мужьрей илъэсым ди дежь зыщ1ызыгъэпсэху туристхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэм, мы Iэнатl1эм дяпэкIи зиужьын папщ1э зэгуГъун хуей Iуэхуэхэм.

ІЭНАТlЭМ щекIуэкI лэжьыгъэхэр зыхуэдэр зэIущ1эм хэтахэм я пащхьэ ирилъхьащ КЪБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащ1э Афlэунэ Владимир. Докладым къыхэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкIуэкI турист лэжьыгъэм и Iуэхукl1э» КЪР-м и Законым къихуэвхэр зэрызэфIагъэкIыр.

Туризмэм и Iэнатl1эм зегъэужьыным хуэгъэзэ къэрал дэIепыкъунгъэм и гугъу щиц1ым абы жиIащ Iэнатl1эм и зыужьыкIэр щ1эгъэзэхуэбжьэныкIэ къэралымрэ ц1ыху щхьэхуэхэмрэ я мыпкъыр зэгъэуIуауэ къызэрагъэсэбэпыр. Абы и лъэныкъуэкIэ Афlэунэ Владимир щапхъэу къихьащ «Зэрэгъыж» автотурист кластер къызэгъэпэщыныр» проектыр гъэзэщ1эным хуэгъэзауэ зэфIагъэкIэхэр.

А проектым хиубыдэу ухуэныгъэ-монтаж лэжьыгъэ-шхуэ щокIуэкI «Налшык и Ищхъэрэ», «Налшык и Ипщэ» комплекхэм. А щы1пIтIым автовокзалыщ1эхэр щащ1 хъэщ1эщхэр, туристхэм папщ1э хъыбарегъащ1э центрхэр хэту. Афlэунэ Владимир зэрыжиIамкIэ, бюджетым щымыщ1 ахъщэм и хэмIутIэ псоми я къэкъыIэ 2016 гъэм ухуэныгъэ лэжьыгъэу «Налшык и Ищхъэрэ» комплексым сом мелуан 25,61-рэ, «Налшык и Ипщэ» комплексым сом мелуани 144,54-рэ я уасэ щы1эзэфIагъэкIащ.

Иджыпсту проектым и етIуанэ Iыхьэм хиубыдэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI. Ахэр 2018 гъэм и кIэухым къриубыдэу зэфIагъэкIыну я мурадщ. икIи абы ирихьэлIэу ахъщэ зэкIэту сом мелиард 3-рэ мелуан 596-рэ трагъэкIуэдэнырэ, туризмэм и Iуэхущ1апl1э зэмылIэужьыгъуэу 9 хъэзыр яц1ынущ. Абыхэм я хьэкъкIэ республикэм зыщ1ызыгъэпсэху туристхэр мин 74-кIэ нэхъыбэ хъунущ, абыхэм Iуэхутхьэбзэ яхуэзыщ1э Iэнатl1эхэм я лэжьакIуэхэм я бжыгъэр 516-кIэ хагъэхъуэнущ.

Докладым къыхэщащ 2016 гъэм тещ1ыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и турист-рекреацэ комплексым зегъэужьныр» къэрал программэр гъэзэщ1эным кърикIуахэр. Къапщтэмэ, республикэм зыщ1ызыгъэпсэху туристхэм я бжыгъэр зы илъэсым къриубыдэу ц1ыху мини 120-кIэ нэхъыбэ хъуащ икIи мин 420-м нэсащ. «Iуащ1хэмахуэ» бгы-лыжэ курортым гъэ къэс ц1ыху мини 150-рэ къакIуэу щытамэ, нэгъабэ абы ц1ыху мин 319-рэ щы-зэблэкIащ. Апхуэдэ Iуэхуфlыр кьрикIуащ УФ-м къакIуэ туристхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэным гулъытэ хэха хуащ1у зэрыхуежьам, апхуэдэу «Мир-Гара-Баши» кIапсэ гъуэгур лажьэу зэраутIыпщам, абы и фIыщ1кIэ гъэмахуэку дыдэм фIэкI къэмынэу адрей зэманым туристхэм лыжэкIэ къажьыхьыну Iэмал зэрагъуэтам.

«Налшык» курортым зыщагъэпсэхуащ, зыщагъэхужащ ц1ыху мин 96-м. Арэ 2015 гъэм елъытауэ ц1ыху мин 18-кIэ нэхъыбэщ. Ауэ, Афlэунэ Владимир зэрыжиIамкIэ, гу зылъытапхъэ ныкъусаныгъэхэри щы1эщ. Туризмэм и Iэнатl1эм щы1ажьэу щыта ц1ыху мини 5500-р нэхъ мащ1э хъури къыщытэмэ, Iэнатl1эм зегъэужьынымкIэ къэрал программэм къигъэувэкIэ процент 80-кIэ гъэзэщ1а хъуауэ араща.

Республикэм къыщызэрагъэпэщащ туризмэм пыщ1а хъыбарегъащ1э центру тIу. Ахэр щолажьэ Налшык къалэмрэ «Эльбрус» курортым хиубыдэ Азау хуейм рэ икIи хьэщ1эхэмрэ республикэм щыпсэухэмрэ зыхуэфащэ информацэмкIэ къызэрагъэпэщ.

Докладыр зэфIэкIа нэужь зэIущ1эм хэтахэр куэдым щ1эупщ1ащ. Псалъэм папщ1э, КЪБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмкIэ, финансхэмкIэ и комитетым и унафэщI Мэремыкъуэ Сэфарбий и упщ1эр теухуауэ щытащ туризмэм кIуэ туристхэм я бжыгъэм зыгъэхъуэным гулъытэ хэха хуащ1у зэрыхуежьам, а ц1ыхуэ мини 420-м нэсащ. «Iуащ1хэмахуэ» бгы-лыжэ курортым гъэ къэс ц1ыху мини 150-рэ къакIуэу щытамэ, нэгъабэ абы ц1ыху мини 319-рэ щы-зэблэкIащ. Апхуэдэ Iуэхуфlыр кьрикIуащ УФ-м къакIуэ туристхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэным гулъытэ хэха хуащ1у зэрыхуежьам, апхуэдэу «Мир-Гара-Баши» кIапсэ гъуэгур лажьэу зэраутIыпщам, абы и фIыщ1кIэ къэмынэу адрей зэманым туристхэм лыжэкIэ къажьыхьыну Iэмал зэрагъуэтам.

«Налшык» курортым зыщагъэпсэхуащ, зыщагъэхужащ ц1ыху мини 96-м. Арэ 2015 гъэм елъытауэ ц1ыху мини 18-кIэ нэхъыбэщ. Ауэ, Афlэунэ Владимир зэрыжиIамкIэ, гу зылъытапхъэ ныкъусаныгъэхэри щы1эщ. Туризмэм и Iэнатl1эм щы1ажьэу щыта ц1ыху мини 5500-р нэхъ мащ1э хъури къыщытэмэ, Iэнатl1эм зегъэужьынымкIэ къэрал программэм къигъэувэкIэ процент 80-кIэ гъэзэщ1а хъуауэ араща.

«Ныкъуэдыкъуэхэм я хуитынигъэхэмкIэ конвенцэр къызэращтам къыхэкIыу Урысей Федерацэм ц1ыхуэхэм социальнэ дэIепыкъуныгъэ етынымрэ ныкъуэдыкъуэхэм къащхьэщыхьныммкIэ и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIынигъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукl1э» Федеральнэ закон №419-ФЗ-м къигъэув къалэнхэр республикэм гъэзащ1а щыхъыпащ1э Курортхэмрэ туризмэмкIэ министерствэм игъэхьэзыращ КЪБР-м и Закон №14-Р3-м зэхъуэкIынигъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукl1э законым и проект. Иджыпсту абы холлъэ корпущ1ым пыщIа Iуэхуэхэр къэмыгъэхъунымкIэ Iэщ1агъэлIэхэр икIи а документыр зыхуэфащ1э органхэм щы1эхагъэкI.

Апхуэдэу министерствэм УФ-м Туризмэмкl1э и федеральнэ агенствэм Iуэху пыухыкIахэр къыщ1ыхилъхьащ. Абыхэм ящ1ыщ курортхэм къакIуэхэр щрагъэблагъэ хъэщ1эщхэмрэ лыжэкIэ щащ1ажьэ гъэзэуэмрэ я классификацэ фIэкIыпIэ имыIэу егъэкIуэкIыным теухуауэ. Ар сэбэп хъунущ ц1ыхуэхэм хуащ1э Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъыр къэпщ1тэныкIэ. Министерствэм апхуэдэу къиIэтащ курортхэм къакIуэхэм ядэлажьэхэм сертификатхэр етыным теухуа Iуэхури.

КЪР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ къыхигъэщ1ыхьэхуI1ащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къурэхэм зыщ1ызыгъэпсэхуэм шынагъуэ къатемыгъэхьным и Iуэхур. Апхуэдэу спикерым жиIащ: «Республикэм зегъэужьныныкIэ нэхъыбэкIэ уз1ыщ1ыгъуэ къыщ1ыгъуэ. Абы и Iэнатl1эхэм ящ1ыщ1 турист-рекреацэ комплексыр. А Iэнатl1эм щы1э гугъуехьхэмрэ яп1э игъэщ1ын хуей лэжьыгъэхэмрэ министерствэм къыхэзрыгурыIуэр хъарзынэщ. Апхуэдэу щы1пэтми, нэгъэсауэ арэзы укъыщ1ыркъым къэпщ1тэныгъэхэмрэ учётымрэ зэрырагъэкIуэкIым. Дэ иджыпсту пыухыкIауэ тхужьIэнукъым зы туристым хуэзэу тедгъэкIуадэмрэ абы сэбэпынагъэу къытхуихыныр зыхуэдизыр. Тхьэусыхафэ куэд щы1эщ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъымкIэ дыкъызэрыкIэрыхуэм теухуауи».

Егоровэ Татьянэ КЪР-м и Парламентым туризмэм пыщIа Iуэхуэхэр зэгъэщ1ылIа и комитетым гу лъригъэтащ зэIущ1э щхьэхуэ езы курортым щебгъэкIуэкI икIи Iуэхум нэхъ куууэ щыгъуазэ зыпщ1 зэрыхъунум.

Зэ1ущ1эм щыжиIахэм я1кIэ яткIэ хэщ1ащ КЪР-м и Правительствэм, КЪР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм яхуэгъэзащ1эхэм.

Зэ1ущ1эм нэгъэущ1 Iуэху зыбжанэми щытепсэлъыхьащ. Депутатхэр хэплъащ1 законхэр къыдэгъэкIынымкIэ УФ-м и нэгъэущ1 субъектхэм я парламентархэм къыхалъхъа жэрдэм зыбжанэм, апхуэдэу федеральнэ заокн щхьэхуэхэм я проектхэр къаззэрыщ1ыхьуам теухуа тхыгъэхэм.

КЪР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апl1э.

☸Ди къуэш республикэхэм

Щ1ыгъуэ-щ1эж махуэм зыхуагъэхьэзыр

АДЫГЕЙ. ***Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 153-рэ зэрырикъум, абы хэкIуэдахэм я Щ1ыгъуэ-щ1эж махуэм зыхуэгъэхьэзырынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым и къыкIэлъыкIуэ зэIущ1э Мейкъуаепэ щекIуэкIащ.***

АДЫГЕЙМ лъэпкъ Iуэхуэхэмкl1э, хэкуэгъуэхэм хуаIэ зэпыщ1эныгъэхэмрэ ц1ыхущ1э хъыбарегъащ1э Iэнатl1эхэмкl1э и комитетым и унафэщI Щ1ыхьалахъуэ Аскэр зэрыжиIамкIэ, Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я Щ1ыгъуэ-щ1эж махуэм теуху Iуэхугъуэ зэмылI1эужьыгъуэ 72-рэ щекIуэкIынущ Мейкъуаепэрэ республикэм и щ1ыналъэхэмрэ.

Абыхэм ящ1ыщ1 республикэм и библотекэм къыщ1эIуах «Кавказ зауэр иджырей щ1еблэм я нэкIэ» тхылъ гъэлъэгъуэныгъэр. «Адыгэ макъ» газетым и редакцэм щекIуэкIынущ «Тхыдэмрэ ди зэманымрэ» зыфIаща зэIущ1эр.

ЩIыуэпс Iуэху

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Накъыгъэм и 22-м республикэм щекIуэкIынущ «Пластикыншэ махуэ» щIыуэпс Iуэху. Абы хэтынухэм полиэтилен пакетхэр къагъэсэбэпынукъым зы жэщ-махуэм.***

«УРЫСЕЙ ц1ыхубэ фронтым» и щ1ыналъэ къудамэм хэтхэм ц1ыхуэхэр къыхуардж1э зы махуэ нэхъ мыхъуми пластик, полиэтилен пакетхэр уэим яц1ыну, тыкуэнэхэм тхылъымпIэм, щэкIым къыхэщIыкIа, щ1ыуэпсым зэран зэхуэмыхуэн пакетхэр къыщащ1эхуну.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Фэтэр 600-м щIигъу

АБХЪАЗ. ***Абхъазым щы1э урысеидзэм къулыкъу щ1ызыщ1эхэм папщ1э 2017 гъэм и кIэм нэсыху фэтэр 600-м щIигъу ящхуэнущ.***

АБЫ и фIыгъэкIэ унэ я1э хъунущ офицерхэм, прапорщикхэмрэ контрактIэ дэз кулыкъур езыхьэкIхэмрэ. Ипщэ дэз округым и унафэщI Дворников Александр апхуэдэуи унафэ яхуищ1ащ Гудаутэ дэт дзэ кьалэ ц1ыкIум и щ1ыпIэм щ1ащхуэ сабий садыр и кIэм нагъэсыну.

● Узыншагъэ

Жыджэру лъы ят

«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ыналъэ къудамэм и гъэзэщ1акIуэ комитетым и аппаратым и лэжьакIуэхэр я унафэщI Парафилов Дмитрий я пашэу Лъы щат республикэ станцым щекIуэкIа Iуэху щхьэпэм хэтащ.

- ЛЪЫ ятыным теухуа унафэр ди лэжьакIуэхэм зэдзэрэзыуэ къащтащ, ар икIи махуэ хэха гъэрым иредгъэхьлIауэ щ1ыткъым. Апхуэдэ щ1ыкIэкIэ дэ мурад тщIащ Iуэху щхьэпэм ди гущ1э хэтлъхьэну: ди жагъуэ зэрыхъунщи, сымаджэщхэр сытым дежи лъы хуэныкъуэщ, - жиIащ Парафиловым.

Лъы щат республика станцым и лэжьакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, илъэс 18 ирикъуэ дэтхэнэ ц1ыху узынш1эми и гъащ1эм къриубыдэу зэ фIэкIа лъы имытатэми, медицинэ Iуэхущ1апl1эхэр абы и лъэныкъуэкIэ ирикъуу къызэгъэпэщащ щытынут. Станцым екIуэлIам яп1эщ1кIэ мащ1эу лъы хашри, абы и узынш1агъэр зыхуэдэр къахутэ. Эритроцитымрэ гемоглобинымрэ тэмэмкIэ, уз зэрыщ1ал1э пкъырымытмэ, хущ1ыхуэ гуэр зрихьэл1ауэ къэпщ1ытэныгъэм къымыгъэлъагъэуэмэ, и хъэлъагъымкIэ кIыкIмэ, итIанэ лъы итыну хуит ящ1у араща.

ПЕЧОНОВ Владилен.

Адыгэпсэм и джэ макъ

Къулъкъужьын Ищхъэрэ къуажэм Щ1энхабзэмкIэ и унэм иджыблагъэ щекIуэкIащ Iуэхугъуэ дахэ - адыгэ хабзэм, бзэм, Iуэрыуатэм, тхыдэм теухуауэ щ1эблэм я щ1эныгъэр здынэсыр ягъэлъэгъащ.

АБы яхуеблэгъат Бахьсэн щ1ыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къудзэ Ахъуэбэч Андзор, КЪР-м Егъэджэныгъэкl1э, щ1эныгъэмрэ щ1алэгъуалэм я Iуэхуэхэмкl1э и министерствэм лъэпкъ егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI Табищ Мурат, егъэджэныгъэмкIэ Бахьсэн щ1ыналъэм и управленэм и унафэщI Абрэдж Тамарэ, Къулъкъужьын Ищхъэрэм и Iэтащхьэ Пщ1ыкьэщ1э Алим, республикэм и курыт еджапIэхэм я лЫкIуэхэр.

- Ди щ1эблэр хэкупсэу, хабзэм тету, я бзэр щ1ыныгъупщ1у, ди тхыдэм щыгъуазэу къэтэджэн папщ1э, мыпхуэдэ зэIущ1эхэр нэхъыбэрэ зэхэшэн хуейуэ къызохльытэ, - жиIащ Къулъкъужьын Ищхъэрэ къуажэм и З-нэ курыт еджапIэм и унафэщI Нартокъуэ Беслъэн.

Зэ1ущ1эм хэта ныбжьыщ1эхэм хъыбарыжьхэр жаIащ, хабзэм тепсэлъыхьащ.

Акъуэбэныр къыщ1ысапсэм, къыхигъэщащ ц1ыхур хэкупсэу щытын папщ1э ар щалъхуа щ1ыпIэм хуиIэ лъагъуныгъэр. Тхыдэр ди аджьхэм я щ1эинщ, - жиIащ Табищ Мурат. - Пасэрэм адыгэм зэрахьэу щыта лЫгъэмрэ хахуагъэмрэ ди гъунэгъуэхэр ехьэхуапсэрт, щапхъэ трахырт. Ар дигу имыкIуэ, абы дрипагэу, ди аджьхэм дазэрыхуэфэщэным яужь диту дыпсэупхъэщ.

Адэкlэ хъэщ1эхэр ящащ Къыпl Мухьэмэд и ц1эр зезыхьэ Iуэзаджэхэмкl1э сабий школым. Абыхэм кърагъэлъэгъуащ ныбжьыщ1эхэм я Iэдакъэщ1экIыр. Зэхьэхэр джэгукIэ яухащ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● ДифI догъэлъапIэ

85

Хэкур зэрыгушхуэ щIэныгъэлI

УФ-м, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ИнформатацэмкIэ дунейпсо академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием, ЩIэныгъэхэмрэ гуэзаджэхэмкIэ Петровскэ академием я академик, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор ХъуэкIуэН Хьэзрэт

ералий Бесльэн и къуэр ди республикэр, къэралыр зэрыгушхуэ еджагъэшхуэхэм ящыщщ. Абы бгъэдэль щIэныгъэ куумрэ зэфIэкI лъагэхэмрэ къыхуахьа щIыхьыщIэхэм хохьэ ар Ипщэ федеральнэ университетым щIыхь зиIэ и профессору зэрыщытри, РАН-м ТеплофизикэмкIэ и лъэпкъ комитетым и бюром зэрыхагъэхьари, физикхэм я Налшык школ цIэрыIуэм и пашэу зэрыщытри, нэгъуэщIхэри. ЩIэныгъэлI щыпкъэм, лъэпкъым и ныжьыкIыфIхэм ящыщым и ныбжьыр ноб3 илъэс 85-рэ ирокъу.

ХЪУЭКIУЭН Хьэзрэталий Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Дзэлыкъуэдэс кIуэажэм къыщалъхуащ. Абы и сабиигъуэр хиубыдащ зауэ, зауэ нэужь лъэхъэнэ хьэлъэхэм. ГъащIэм къыпигъэтIысIуть лъэпощхьэпохэм емылъытауэ, Хьэзрэталий къэхуауад къэзыуХуреихь дунейр фIэхьэлэмэту. Школым щыщIэса илъэсхэм ар и ныбжьэгъуэхэм къаХащIыр бгъэдэль акъыл жаныкIэ, гурыхуагъыкIэ, щIэныгъэм зэрыхуэнэхъуеиншэмкIэ.

Илъэсибл школыр екъулIэныгъэкIэ кьиуха нэужь, ХъуэкIуэным еджэным щыпищащ Дзэлыкъуэ кьуажэм дэт курыт школым. Ар дыщэ медалкIэ къэзыуха щIалэщIэм и щIэныгъэм хигъэхъуэну мурад ищIащ фIыуэ илъагъуэ унэтIыныгъэхэмкIэ - физикэмрэ математикэмкIэ. А гуращэр и гъэзугъэлъагъуэу Хьэзрэталий 1950 гъэм щIэтIысхьащ Къэбэрдей педиститутым и физико-математикэ къудамэм. Абы экзамен кьеIызыха профессор цIэрыIуэ Задумкин Сергей иужькIэ куэдрэ игу къигъэкIыжу щытащ кьуажэ пхыдзам щапIа, щеджа адыгэ щIалэщIэм бгъэдэль щIэныгъэ куумрэ зэхэщIыкIымрэ. ХъуэкIуэным хабжауэ щытащ а илъэсым пединститутым къащта студент нэхъыфI дыдэхэм.

Студент илъэсхэри, зэрихабзэу, купщIафIэу ирихьэкIащ Хьэзрэталий. ФIы дыдэу зэреджэм къыдэкIуэу, ар жьыджэру хэтт институтым щекIуэкI жылагъуэ гъащIэм. Апхуэдэуи хуабжьу дихьэхьыт физикэмрэ математикэмрэ екъэлIа кьэхутэныгъэхэм. 1954 гъэм ХъуэкIуэным екъулIэныгъэкIэ кьиухащ, еджапIэ нэхъыщхьэр. И егъэджакIуэхэм я чэнджэщкIэ а илъэс дыдэм щалэщIэр щIэтIысхьащ институтым и аспирантурэм, физикэмкIэ кафедрэми лэжьэн щыщIидзащ. Апхуэдэу ХъуэкIуэным теуващ щIэныгъэм и лъагъуэм, екъулIэныгъэ куэдкIэ гъэнщIа гъуэгу бгъуфIэ иужькIэ хуэхъуам.

1959 гъэм ирихьэлIэу Хьэзрэталий аспирантурэри кьиуакIэт, и яп щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэшхуэр зэфIигъэкIат. Ар пхигъэкIа нэужь, Іэщ1агъэлIым кьыфIащащ «физико-математикэ щIэныгъэхэм я кандидат» цIэ лъапIэр. Къыхэдгъэщынщи, апхуэдэ щIэныгъэцIэ Совет Союзым щызезыхьэхэм ящыщу нэхъ щIалэ дыдэр Хьэзрэталийт: илъэс 27-м иту физико-математикэ щIэныгъэхэм я кандидат иджыри зыри хъуатэкъым. ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэм теуха хъыбарыр дэнэкIи щызэбгрыкIат. Хьэзрэталий бгъэдэль щIэныгъэ куум, зэфIэкIхэм ятеуха тхыгъэ купщIафIэ кьытехуат «Комсомольская правда» газетым. Адыгэ щIалэ цIэрыIуэ и гъащIэмрэ здынэса лъагапIэхэмрэ екъэлIа нэтынхэр кьатырт Союзпсо радиомкIэ. Апхуэдэ гупытэ лъагэр хуэфащэ дыдэт зи гъащIэ псор щIэныгъэм тезыхууа адыгэ щIалэм.

АдэкIи пэрыт защIэу екIуэкIащ Хьэзрэталий. Пединститутыр и лъабжьэу 1957 гъэм Налшык Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет кьыщIэхуаха нэужь, ар ящыщащ абы япэу увахэм. А илъэсым щыщIидзэри 1960 гъэ пщIондэ Хьэзрэталий щытащ университетым физикэмкIэ и кафедрэм и ассистенту, иужькIэ егъэджакIуэ нэхъыжьу. ИтIанэ, 1960-1967 гъэхэм, ар ягъэуващ физико-математикэ факультетым и декану. Доцент цIэр ХъуэкIуэным кьыфIащащ 1965 гъэм, кьыкIэлъыкIуэ илъэсым кьыщыщIидзэауэ ар и унафэщIыр физикэмкIэ кьэхутэныгъэщIэхэр щрагъэкIуэкI кафедрэм, иужькIэ, 1981-2006 гъэхэм, КъБКъУ-м пкъыгъуэ быдэхэм я физикэмкIэ и кафедрэм и пашэщ.

Зыгъэрыт кьулыкъуэм яплыщIа лэжьыгъэхэм кьадэкIуэу ХъуэкIуэным иригъэкIуэкIырт сыт щыгъуи дэзыльхьэх кьэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр. 1975 гъэм абы утыку кьрихьащ щIэныгъэ дунейм щIэупщIэшхуэ щызиIа и доктор диссертацэр. Ари екъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ ХъуэкIуэным иКи физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор хуащ.

ЩIэныгъэлIым и къэхутэныгъэр щэщIауэ кьыщагъэсэбэпырт зыхъумэжьныгъэ Іэнатlэм хуэлажьэ промышленностым. Къэралым и лъэщагъым, экономикэм, промышленностым зажьынымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ апхуэдэ кьэхутэныгъэ лэжьыгъэ куэд и кьалэлэмпэм кьыпикIащ ХъэзрэталиI. Псори зэхэту абы кьыдигъэкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 400-м нэс. Абыхэм яхэтщ патент зыхуагъэфащэ къэхутэныгъэ 30-м щIигъу, монографие зыбжанз, зэреджэ тхыльу 25-рэ, нэгъуэщIхэри. ЩIэныгъэлI щыпкъэм и нэIэм щIэту ягъэхьэзыращ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физикэ щIэныгъэм зыщегъэужьыным теуха концепцэр». Ар даIыгъащ ди республикэми гъэнэгу щIыналъэхэми щылажьэ егъэджакIуэхэр, щIэныгъэлIхэм. Къинэмыщ1ауэ, Физикэр езыгъаджэхэм я урысейпсо съездми къыщащтащ.

Къэралпсо щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэ иным папщIэ, ХъуэкIуэн Хьэзрэталий куэдрэ ягъэзэнащ дамыгъэ лъапIэхэмкIэ, цIэ лъагэхэмкIэ. Абыхэм ящыщщ Бэракъ Пльыжь ордени, КъБАССР-м ЩIэныгъэ Іэухуэмкlэ и министерствэм къыхуигъэфащащ щIыхь тхыльхэр, СССР-м Космонавтикэмкlэ и федерацэм и Президиумым кьыбгъэдэкI медалыр, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и 2-нэ нагъыщэ зиIэ медалыр, Къэбэрдей-Балъкъэр, Шэшэн республикэхэм я правительствэхэм кьабгъэдэкI щIыхь тхыльхэр, «Макаренкэ и цIэр зезыхьэ медалыр», нэгъуэщIхэри.

Профессор цIэрыIуэм и лъагъуэм тетщ абы и нэIэм щIэту щIэныгъэм хьихьа щIалэгъуалэ куэд. Ар я щIэныгъэ унафэщIу гъэхьэзыра хуэащ физико-математикэ щIэныгъэхэм я кандидатхэу, докторхэу пщы бжьагъэхэр. Адэм пхиша гъэгуэм ехьэлIэныгъэ инхэр яIэу нобэ ирокIу и къуэхэу Муратрэ Азэмэтрэ. Ахэр физико-математикэ щIэныгъэхэм я докторщ, я кьалэмыпIэм кьыпикI кьэхутэныгъэхэм пщIэшхуэ щалэщ дуней псом.

ХъуэкIуэн Хьэзрэталий Бесльэн и къуэм, щIэныгъэлI щыпкъэм, кьэхутакIуэ емызэшым, еджагъэшхуэм, адыгэ лъэпкъым и нэхъыжьыфIхэм ящыщым, дохьуэхьу и махуэшхуэмкIэ. ЩIэныгъэм зи гъуэгу бгъуафIэ щыпхьызыша, бынкIэ, унагъуэкIэ дэрэжэгъуэ зыгъуэта Хьэзрэталий ди гуапэщ иджыри куэдрэ уэзыншэу дgriпэ итыну, къэралым, лъэпкъым я ехьулIэныгъэм хуэлэжьну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

★★★

ХЭКУ ЗАУЭШХУЭМ и тхыдэм хэтщ лIыгъэрэ хахуагъэкIэ, гуIэгъуэрэ бэлыхькIэ гъэнщIа напэкIуэцI куэд. Ауэ щыхъуэкIи, абыхэм кьахоущ цIыхубэ насыпыншагъэкIэ, лIыгъэшхуэрэ шыIэныгъэкIэ нэгъуэщI зыри зыпэмыуфыфын зы напэкIуэцI. Ар Ленинград блокадэрщ. Махуэ 900-кIэ, 1941 гъэм и бадзэуэгъуэм и 10-м къыщыщIэдзауэ 1944 гъэм и быщхьэгъуэм и 9 пщIондэ, екIуэкIа а псэзэпылъхьэпIэ Іуэхур хьуащ Хэку зауэшхуэм и зэпэщIэувэныгъэ нэхъ кIыхь дыдэ. Нэмыцэ генерал-фельдмаршал Лееб Вильгельм и унафэм щIэт «Ищхьэрэ» дзэ гупышхуэм хэт бий зауэлIхэм япэу япэщIэувахэм ящыщащ ди кьэгъуэгу щIалэ, авиацэм и сержант Махъцы Іэбу Шэмсэдин и къуэр.

Прохладнэ щIыналъэм хыхьэ Къэрэгъэш кьужажэм 1917 гъэм кьыщалъхуащ Махъцыр. Жылэм дэт курыт школыр хъарзынэу кьиуха нэужь, щIалэщIэм и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыру Налшык дэт техникумым. 1936 гъэм лабораторэ лэжьэн щыщIидзащ Солдатскэ станицэм жылапхъэхэр щагъэхьэзыру щыIэ Іэнатlэм и конторэм. Абы иужькIэ куэд дэмыкIыу школым егъэджакIуэу уващ, зэрылажьэм хуэдэури кьиуващ пат еджапIэр. 1940 гъэм Дыджэкэ япхъу Жанпагуэ дахи щхьэгъусэ хъуэрури, унагъуэу тIысыжащ ар. А илъэс дыдэм Іэбу дзэм ираджащ, кьулыкъу ищIэну. Ар хэхуащ Хенинград округым Хьэуар хъумэныжкIэ (ПВО) и частым. Адыгэ щIалэ жаныр иКи Іэчлъэчыр дзэ кьулыкъым кьигъэув мардзэкэм щIэх дыдэу хуэIэижь хъуати, щIыхь зыпытI а кьалэныр екъулIэныгъэкIэ ирихьэкIырт. Абы и лъэр щIигъэкIырт ныбэ илъу кьэна сабийр, щIалэ щIыкIур, дунейм кьызэрытехьар иту письмо гуапэ кьызэрыIэрыхьами. И гумрэ и псэмрэ апхуэдэ щытыкIэм иту Іэбу кьулыкъу ищIэрт. Сэлэтым гущIагъ щIэлъу игъафIэ гурыфIыгъуэ псори нэхъ фагъуэ ищIат 1941 гъэм къэхъея Хэку зауэшхуэм.

Мэкъуэгэгъуэм и 23-м зауэр къэхьейри, етIуанэ махуэм нэмыцэ кхъухьлъатэхэр Ленинград ебгъэрыкIуэу хуежьат, арщхьэкIэ кьалэм и уэгур зыхъумэ ПВО-м и дзэхэм бийм и кхъухьлъатэхэр щхьэщахужат. Адыгэ щIалэр зыхэт зенит батареем а махуэм кьаурадыхауэ щытащ бийм и кхъухьлъатэхэм ящыщу бомбэхэр зезыхьэ нэхъ инхэм хуэдэ. Апхуэдэу нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм япэу ирихьэлIат зенит полкым и ещанэ дивизионым и сержант, фочауэ отделенэм и командир Махъцы Іэбу.

Зауэм хуэхьэзыру зыубла бийр щыгугъакъым совет зауэлIхэр апхуэдэу ткIийуэ кьыпэщIэувэну. «Барбаросса» зыфIища планым ипкъ иткIэ, Гитлер и мурадт СССР-м зэуэзэпсэу, хьыбарыншэу, щэхуу теуэу, Дзэ Пльыжьым зэрызехьэрэ Іэнкуныгъэрэ яхидзэу зэуэ зэтрикъутэн. Къэралыр зэрыщыту, абы и щыхьэр Москвам хэту, бийм кьызэуну и гугъэт мазитIым кьриубыдэу. СССР-р апхуэдэ щIыкIэкIэ хигъащIэмэ, Германием Іэмал иргуэтынут иужькIэ США-м пэщIэувэну, дунейпсо политикэм и унафэр зыIэщIилъхьэн папщIэ.

Бийм и мурад бзаджэ псори кьызэтекъута зуауащ иКи мазитI пIалъэм кьриубыдэу «гафэхьуэпскIым» хуэдэу зэфIэкIын хуея зауэр ильэсиплIкIэ екIуэкIа зэпэщIэувэныгъэ гуащIэм хуэкIуащ. Кьаруки техникэкIи кьефIэкI германыдзэм псэемыблэжу пэщIэтт дз3м и зауэлIхэр. Бийм и кьарур щIэзыххэм ящыщт Ленинград зауэр. ЗыгъэпсэхупIэ зимыIэ, щыгъыныджэ иКи ныбеджэ хъуа ди зауэлIхэм кьару кьахилхьэрт я кьэралым, щалъхуа щIыналъэм и щхьэхуитыныгъэр зэрахъыжэкым, я щIыбагъ кьыдэт я анэхэр, шыпхьухэр, щхьэгъусэхэр, бынхэр фашистхэм лъэгуащIэтрэ теупIэрэ ирагъэщI зэрымыкъунум. Іэбуи и гур зымыгъэкIуэдыр апхуэдэ гурыщIэхэрт. Зы махуи дэкIыртэкым ар и унагъуэм емыгупсыс, щIэхъуэпсырт бийр нэхъ псынщIэIуэу зэтриукIэу и адэ-анэм дэж кIуэжину, иджыри къэс имыльэгъа, Іэхьед зыфIащащ и щыпэлъхуу щIалэ цIыкIум Іупльэну.

ПсэзэпылъхьэпIэ махуэ куэд кьыхуихуащ ди хэкуэгъу щIалэм, зауэм щыIэху. Абыхэм ящыщт 1942 гъэм и мэлыжьыхьым и 4-р. Іэбу игу къигъэкIыжу зэрыщытамкIэ, а махуэм хуэдэу гуащIэу бийр Ленинград кьемыбгъэрыкIуами ярейт. Нэмыцэ кхъухьлъатэхэм кьалэм и уафэр апхуэдизу яуфэбгъуати, абы пшэ зэрахъумам папщIэ» медалыр.

Хэку зауэшхуэм и пэм кьыщыщIэдзауэ и кIэм нэс хэтащ Махъцыр. Къыщалъхуа Къэрэгъэш кьуажэм ар кьыщыкIуэжар 1946 гъэм и дыгъэгъазэ мазэрщ. Абы и бгъэгун хэлъ дамыгъэхэм ящIыгъут иужьрейуэ кьыхуагъэфащари: «Германием дызэрытекIуам папщIэ» медалыр. Илъэси 6-кIэ и гущIэм щыхума хьуэпсапIэ псори кьэхъулIауэ кьыфIэщIырт Іэбу; ар узынщэу кьэкIуэлIэжат и адэжь лъапсэм, кьыхьэжат и унагъуэм, илъагъужат и нэ кьызыхуикI и щыпэлъху щIалэ цIыкIу Іэхьеди.

ЗауэлI хахуэр, коммунист нэсыр защIэу пэрыувэжащ егъэджакIуэ Іэщ1агъэм. Зауэ гуащIэм ипсыха, гъащIэм куууэ щыгъуазэ иКи абы жьыжьу кIуэцIрыплъыф адыгэлI нэсыр куэд дэмыкIыу ягъэуващ Чапаевым и цIэр зезыхьэ колхозым и къэщцытакIуэ гупым и пашэу. ИлъэситI нэхъ дэмыкIыу ар партым и Прималкинскэ райкомым и инструктору яшащ. Лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщакIуэ ІэкъуэлъакIуэу зэхьыгъэльэгъуэ Махъцыр Къэрэгъэш кьуажэм кьарэкIуэжащ иКи абы щызэхэт колхозым и парт зэгухьэныгъэм и секретарь кьулэныр пщэрылъ щащащ. ИужькIэ кьуажэ советым и тхьэмадзу хахащ. А кьалэным илъэс 12-кIэ пэрытащ цIыху пэжыр, Іуэхум ныкъусаныгъэ кьыхимыгъэкIыу. Партым здигъакIуэ дэтхэнэ Іэнатlэр кьызыхуэтыншэу зэфIихыу еса Махъцы Іэбу апхуэдэ дыдэущ зэрылэжьар Къэрэгъэш дэта щIэп заводым и пашэу, хозяйствэм и гъэтIылъпIэм и унафэщIу щыщытами.

А псоми кьадэкIуэу Іэбу жылагъэ лэжьакIуэшхуэт. ЩIэблэм я унэтIакIуэ, я гъэсакIуэ ІэкъуэлъакIуэм и жэрдэмкIэ Къэрэгъэш кьуажэм кьыщызэIуахауэ щытащ хэкурыдж музей. Абы щызэхуэхьсащ жылэм и тхыдэм, абы и цIыху пэрытхэм ятеуухуа тхыгъэхэр, сурэтхэр, хьэпшыпхэр. Іэбу и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэт Хэку зауэшхуэм теуухауэ музейм кьыщызэрагъэпэща пIанэпэм.

Хэкум и щхьэхуитныгъэр щихъума щIыпIэм мызэ-мытIэу тригъэщащ Махъцым, ТекIуэныгъэ Иным, кьалэм блокадэр щыщыхьащаха махуэм ирихьэлIэу. Япэу ар кьалэм ирагъэблагъащ 1950 гъэм. Ленинград обкомымрэ кьалэ комитетымрэ я япэ секретарь абы щыгъуэ хъуа Попов Пётр пщIэшхуэ кьыхуищIащ Іэбу. Абы жилэгъуэ щытащ зенитчик Іэзэр зэрызэуа топыр кьалэм кьыщызэрагъэпэщыну музейм щIагъэуващ. Дауи, гукъэкIыж куэд и гум кьыдридзеижат зауэлI хахуэм, илъэс бжыгъэкIэ зэрызэуа Іэщ1эм Іэ щыдилъэм...

ЗауэлI хахуэр, егъэджакIуэ Іэзэр, лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщакIуэ коммунист пэжыр дунейм ехьжащ 1982 гъэм. Абы илъэс 19-кIэ кIэлъыпсэуэжащ и щхьэгъусэ Жанпагуэ. ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ зяку дэлъу къэгъуэгурыкIуэ зэщхьэгъусэхэм унагъуэ дахэ яухат. Хэку зауэшхуэм и япэ илъэсым дунейм кьытехьа я кьуэ пажэм иужькIэ абыхэм иджыри зэдагъэуэтащ зы щIалэрэ зэхьджэбзищэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ я жыпхъэхэм иту, зэрыпсэун Іэщ1агъэрэ щIэныгъэрэ яIэу гъащIэм хагъэуващ нэхъыжьхэм.

Махъцы Іэбу и бынхэр, абыхэм кьащIэхъуа щIэблэхэр нобэ ирогушхуэ я адэр, адэшхуэр, дадэшхуэр лIыгъэрэ хахуагъэрэ кьынгъэлагъуэу Хэку зауэшхуэм зэрыхэтам. Къызэралъхурэ мы гъэм илъэси 100 ирикIу Іэбу и гъащIэр и щапхъэу ахэр мэпсэу, нэхъыжьыфIи фэепIь нэхур яхъумэу.

КЪАРДЭН Маритэ.

● ТекIуэныгъэм и лIыхъужьхэр

ПсэзэпылъхьэпIэ

Махъцы Іэбу

★★★

● КъБР-м и прокуратурэм

ЦIыхуэхэм яIуощIэ

Урысей Федерацэм и Президентым ищIа пщэрылъым тету, цIыхуэхэм зэрахуэзэр къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэм теухуауэ 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м УФ-м и Президентым и Администрацэм къищта унафэ №1876-мрэ 2016 гъэм щэкIуэгъуэм и 15-м Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм къыдигъэкIа унафэ №А73-49рп-мрэ япкъ иткIэ, республикэм и прокурор Жариков Олег УФ-м и Президентым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ егъэблэгъанIэм мэлыжьыхьым и 25-м цIыхуэхэм щаIуащIащ.

КъБР-м и прокурорым цIыху 13-м зыхуагъэзати, абыхэм ящыщу 3-м хабзэм къигъэувкэр яхуэзпкърихащ. Адрейхэм я тхыльхэр къаIихри, прокурорым и къуэдзэхэмрэ прокуратурэм и къудамэхэм я унафэщIхэмрэ ахэр зэхагъэкIыну я пщэ дилъхьащ.

Тхьэусыхафэхэм я нэхъыбэр зытеуухуар муниципальнэ властым и Іуэхущ1апIэхэмрэ республикэм и хабзэхьумэ Іэнатlэхэмрэ абыхэм я хуитныгъэхэр къызэрызэпаудырщ.

Республикэм и прокурорым и нэIэ тету ахэр зэхагъэкI.

ЩIэпэхъаджагъэр къахутэ

УФ-м и УК-м и 258-нэ статьям и япэ Іыхьэм и «в» пунктым къыщыгъэлъэгъуа щIэпэхъаджагъэ зэралэжьам къыхэкIыу (къуалэбзухэмрэ псэущхьэхэмрэ хуимыту зэрещакIуэм папщIэ), КъБР-м щыIэ МВД-м и дознавателым (следователым) къызэIуиха уголовнэ Іуэхур Шэрэдж щIыналъэм и прокурорым хабзэм къезэгъыну иКи пэжу къилъытащ.

УГОЛОВНЭ Іуэхум лъабжьэ хуэхъуащ КъБР-м ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ МВД-м къэхъуьащIэхэм пэублэу хэплъэ и Іэнатlэмрэ зэгъусэу ирагъэкIуэкIа къэпщытэнигъэм крикIуахэр.

КъызэрахутамкIэ, 2016 гъэм и бжьыхьэм Шэрэдж районым щыщ цIыху гупым, цIыхуэфащэ тхьилъ гуэри ямыIэу, Безенги къуажапщэм и бгы-мэзылъэ щIыпIэм кавказ мыщэ гъубжэ, европей щIыхь цIыкIу, къурш бжэн хуимыту къыщауIакIащ. Абы щыгъуэми, губгъуэ къуалэбзуэхэм, мэз псэущхьэхэм ящыщ-хэм ещакIуэ зэрымыхъунум, зыбжанэр Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я Тхьилъ пльыжьхэм зэрыхатхам фIыуэ щыгъуазэт.

Къэпщытэныгъэр ирагъэкIуэкIащ къаукIа мэз псэущхьэхэм бгъэдэту зытрагъэха сурэтхэр КъБР-м ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм Іэрыхьа нэужь.

Шэрэдж районым и прокурорым деж уголовнэ Іуэхум щытепсэлъыхьащ, щIэпэхъаджагъэр зыльэкIащ къахутащ. Дэтхэнэми и Іуэнаушагъэр зыхуэдэр зэхагъэкIа нэужь, уголовнэ Іуэхур судым иратынущ.

А лэжьыгъэр щIыналъэм и прокурорым и нэIэ тету ирагъэкIуэкI.

ЩхьэзыфIэфI ухуэныгъэу къалъытэ

Налшык къалэм и прокуратурэм къалэуухуэ хабзэхэр зэрагъэзащIэр къипщытащ.

КъЫЗЭРАХУТАМКIЭ, республикэм и щIыхьэрым и ЕтIуанэ Надречнэ уэрам №126-м хыхьэ щIы Іыхьэм Теувэжыкъуэ 3. фэтэр куэд хъу къатипл уних Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Іизнышэу щиухуэрт. Языныкъуэзэм щхьэ трилъхьэну хунэсат.

Къэпщытэныгъэм кърикIуам ипкъ иткIэ, УФ-м и КоАП-м и 9.5-нэ статьям и япэ, етIуанэ ІыхьэхэмкIэ Налшык къалэ прокуратурэм Теувэжыкъуэ 3. хуэгъэзауэ административнэ Іуэху кьиIэтащ (ухуэныгъэм пыщIа хабзэр кьызэрызэпиудам папщIэ) иКи щIыхэплъэн щхьэкIэ, КъБР-м Ухуэныгъэмкlэ, ЖКХ-мрэ гъэсэгъэныгъэмкlэ и министерствэм ирагъэкIуэн иКи ахэр жэуапкIуэм и мылъкукIэ ирагъэкъутэжын папщIэ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс - Іуэхущ1апIэ.

Хагъахъуэ зэпытщ

Аруан щIыналъэм Іэщ-хэм я бжыгъэр щыIэфIэгъэувэжыным щогугъу.

МЫ ГЪЭМ дыдзэрытехьэрэ мэкъумэш-фермер Іэнатlэхэм я Іэщ1 бжыгъэр щыIэфIэгъэувэжыным щогугъу. Къарукlи техникэкIи кьефIэкI германыдзэм псэемыблэжу пэщIэтт дз3м и зауэлIхэр. Бийм и кьарур щIэзыххэм ящыщт Ленинград зауэр. ЗыгъэпсэхупIэ зимыIэ, щыгъыныджэ иКи ныбеджэ хъуа ди зауэлIхэм кьару кьахилхьэрт я кьэралым, щалъхуа щIыналъэм и щхьэхуитныгъэр зэрахъыжэкым, я щIыбагъ кьыдэт я анэхэр, шыпхьухэр, щхьэгъусэхэр, бынхэр фашистхэм лъэгуащIэтрэ теупIэрэ ирагъэщI зэрымыкъунум. Іэбуи и гур зымыгъэкIуэдыр апхуэдэ гурыщIэхэрт. Зы махуи дэкIыртэкым ар и унагъуэм емыгупсыс, щIэхъуэпсырт бийр нэхъ псынщIэIуэу зэтриукIэу и адэ-анэм дэж кIуэжину, иджыри къэс имыльэгъа, Іэхьед зыфIащащ и щыпэлъху щIалэ цIыкIум Іупльэну.

ПсэзэпылъхьэпIэ махуэ куэд кьыхуихуащ ди хэкуэгъу щIалэм, зауэм щыIэху. Абыхэм ящыщт 1942 гъэм и мэлыжьыхьым и 4-р. Іэбу игу къигъэкIыжу зэрыщытамкIэ, а махуэм хуэдэу гуащIэу бийр Ленинград кьемыбгъэрыкIуами ярейт. Нэмыцэ кхъухьлъатэхэм кьалэм и уафэр апхуэдизу яуфэбгъуати, абы пшэ зэрахъумам папщIэ» медалыр.

Хэку зауэшхуэм и пэм кьыщыщIэдзауэ и кIэм нэс хэтащ Махъцыр. Къыщалъхуа Къэрэгъэш кьуажэм ар кьыщыкIуэжар 1946 гъэм и дыгъэгъазэ мазэрщ. Абы и бгъэгун хэлъ дамыгъэхэм ящIыгъут иужьрейуэ кьыхуагъэфащари: «Германием дызэрытекIуам папщIэ» медалыр. Илъэси 6-кIэ и гущIэм щыхума хьуэпсапIэ псори кьэхъулIауэ кьыфIэщIырт Іэбу; ар узынщэу кьэкIуэлIэжат и адэжь лъапсэм, кьыхьэжат и унагъуэм, илъагъужат и нэ кьызыхуикI и щыпэлъху щIалэ цIыкIу Іэхьеди.

ЗауэлI хахуэр, коммунист нэсыр защIэу пэрыувэжащ егъэджакIуэ Іэщ1агъэм. Зауэ гуащIэм ипсыха, гъащIэм куууэ щыгъуазэ иКи абы жьыжьу кIуэцIрыплъыф адыгэлI нэсыр куэд дэмыкIыу ягъэуващ Чапаевым и цIэр зезыхьэ колхозым и къэщцытакIуэ гупым и пашэу. ИлъэситI нэхъ дэмыкIыу ар партым и Прималкинскэ райкомым и инструктору яшащ. Лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщакIуэ ІэкъуэлъакIуэу зэхьыгъэльэгъуэ Махъцыр Къэрэгъэш кьуажэм кьарэкIуэжащ иКи абы щызэхэт колхозым и парт зэгухьэныгъэм и секретарь кьулэныр пщэрылъ щащащ. ИужькIэ кьуажэ советым и тхьэмадзу хахащ. А кьалэным илъэс 12-кIэ пэрытащ цIыху пэжыр, Іуэхум ныкъусаныгъэ кьыхимыгъэкIыу. Партым здигъакIуэ дэтхэнэ Іэнатlэр кьызыхуэтыншэу зэфIихыу еса Махъцы Іэбу апхуэдэ дыдэущ зэрылэжьар Къэрэгъэш дэта щIэп заводым и пашэу, хозяйствэм и гъэтIылъпIэм и унафэщIу щыщытами.

А псоми кьадэкIуэу Іэбу жылагъэ лэжьакIуэшхуэт. ЩIэблэм я унэтIакIуэ, я гъэсакIуэ ІэкъуэлъакIуэм и жэрдэмкIэ Къэрэгъэш кьуажэм кьыщызэIуахауэ щытащ хэкурыдж музей. Абы щызэхуэхьсащ жылэм и тхыдэм, абы и цIыху пэрытхэм ятеуухуа тхыгъэхэр, сурэтхэр, хьэпшыпхэр. Іэбу и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэт Хэку зауэшхуэм теуухауэ музейм кьыщызэрагъэпэща пIанэпэм.

Хэкум и щхьэхуитныгъэр щихъума щIыпIэм мызэ-мытIэу тригъэщащ Махъцым, ТекIуэныгъэ Иным, кьалэм блокадэр щыщыхьащаха махуэм ирихьэлIэу. Япэу ар кьалэм ирагъэблагъащ 1950 гъэм. Ленинград обкомымрэ кьалэ комитетымрэ я япэ секретарь абы щыгъуэ хъуа Попов Пётр пщIэшхуэ кьыхуищIащ Іэбу. Абы жилэгъуэ щытащ зенитчик Іэзэр зэрызэуа топыр кьалэм кьыщызэрагъэпэщыну музейм щIагъэувэну я мураду. Нэхъ иужьыIуэкIэ, 1978 гъэм, Іэбу аргуэру ирагъэблэгъащ кьалэ-лIыхъужьым иКи «Ленинград и ПВО-м и ветеран» цIэ лъапIэмрэ абы щыхьэт техъуэ дамыгъэмрэ кьратащ. Поповым жиIа псалъэхэри пэж хъуат: Ленинград и уафэр Махъцы Іэбу бийм зэрыщихьума зенит топыр щIэтщ Артиллерие, инженер, связь дзэхэм я музейуэ Ленинград дащIыхьам. Мыщыр пщIэ хуащу абы ирагъэблэгъауэ щытащ. Дауи, гукъэкIыж куэд и гум кьыдридзеижат зауэлI хахуэм, илъэс бжыгъэкIэ зэрызэуа Іэщ1эм Іэ щыдилъэм...

ЗауэлI хахуэр, егъэджакIуэ Іэзэр, лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщакIуэ коммунист пэжыр дунейм ехьжащ 1982 гъэм. Абы илъэс 19-кIэ кIэлъыпсэуэжащ и щхьэгъусэ Жанпагуэ. ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ зяку дэлъу къэгъуэгурыкIуэ зэщхьэгъусэхэм унагъуэ дахэ яухат. Хэку зауэшхуэм и япэ илъэсым дунейм кьытехьа я кьуэ пажэм иужькIэ абыхэм иджыри зэдагъэуэтащ зы щIалэрэ зэхьджэбзищэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ я жыпхъэхэм иту, зэрыпсэун Іэщ1агъэрэ щIэныгъэрэ яIэу гъащIэм хагъэуващ нэхъыжьхэм.

Махъцы Іэбу и бынхэр, абыхэм кьащIэхъуа щIэблэхэр нобэ ирогушхуэ я адэр, адэшхуэр, дадэшхуэр лIыгъэрэ хахуагъэрэ кьынгъэлагъуэу Хэку зауэшхуэм зэрыхэтам. Къызэралъхурэ мы гъэм илъэси 100 ирикIу Іэбу и гъащIэр и щапхъэу ахэр мэпсэу, нэхъыжьыфIи фэепIь нэхур яхъумэу.

КЪАРДЭН Маритэ.

Кавказ эскадроным хэт къэбэрдей зауэлIхэм загъасэ. *Сурэтыр* **Гебенс А. И.** *ищIащ. 1861 гъэ*

460

Къалэмбий (КІашэ Адэлджэрий)

АБРЭДЖХЭР

Адыгэ хъыбар

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№76, 80-81, 87-хэм итц).

...ДЫЗЭБГРЫЖАЩ. Зы гуп сакІэщІэпщхэри, фочыр сшиящ, я нэхъ ІІащэм тезгъапсэри кІакъуэм сыІэбащ. КІакъуэм сыщыІэбэм, си гур кІынкІэзызыкІащ: сыт ар щІэзукІыр? Сыкъильагъуркъым, и щІыб къзгъэзащ, Іэщэншэщ. Къуэгъэнапіэ фочауэр нэхъ къэрабгъэ къэхуэІ! ИгьащІэм цІыхур хэзбжакъым къуэгъэнапіэ фочауэр... Сыкьэтэджыжащ, Іуащъкьэмкіэ сунэтІыежьын мурад щІэлаІуэ. Асыхьэтым къуажапщэмкІэ фоч макъ къыщыІуащ, абы етІуанэ шэри, ещанэри, епліанэри кІэлъыуащ. ЦІыхур аргуэру зэрызэкъэ хъуащ, дыгъужь зыхэлъэда мэлым хуэдэу зэхэлъэдэжащ. Зи псэм еджэм и макъ зэхьэох, щхьэщІыбкІэ джэлари сольагъу... Си напэр мэс сыізэрытауэлыншэм щхьэкІэ - сыт къысхужаІэн си шынэхьыжьымрэ Исмелрэ?.. Къэрабгъафэ къызапльпынкІэ сышынащ. Згъэзэжри нетІрей гупым сакІэщІэпщхьащ, хьэщэхурыпхъэ пэльытэу; фочыр хуэмурэ сІэтащ. Си Іэр аргуэру мэкІэзыз, си льэр щІохуэ. «Апхуэдизу ухуэмыхуу уз!» - зэхэсх хуэдэщ макъ гуэр. МафІэсыр сигъасэу хэлпльэ джаІэпщІанэм и щІыб изубыдэри сигъэгъуэфІыцІащ... СщІэжырхьым Іуащъхэм сызэрыпэсыжар.

Заул дэкІауэ си гъусэхэри къэсыжащ, я фочыпІэ къэпльауэ.

- Зэкіэ куэдщ, - жиІащ Хьэрычэт. - Зыдгъэпсэхунщ...

Мэзым дыщІыхьэжащ. Мэз льапэри къиГъэнэхурт къуажэм щхьэщыт мафІэбзийм.

Жэщым сеэзгъакъым, сеша пэтми. МафІэсыр си нэгу щІэт зэпытт, си тхьэкІумэм икІыртэкъым лажьэ зимыІэхэм я гузаСэ макъыр. Сыкъакіэурэ сыкъыізэфІотІысхэ. Хьэрычэтрэ Исмелрэ лІам хуэдэщ: хьэжыщІ къикІыжа фІэкІ пщІэнтэжьым а тІур, апхуэдизкІэ Іэфіу жейрти.

Нэху щащ. Си шынэхъыжьым зеукъэдий: «Си гум тельа хьэлъэм и ныкъуэр текІащ...» ТхьэрыкъуэфкІэ псы къыхуэсхьи зеэгъэтхьэщІащ. Махуэ псом дыкьыщІэкІащ пщыІэм, щхьэж и гупсысэ хэзэрыхьауэ удз цІынэм дытелъащ. Пшапэр щІэзэхуэм гъэмылэхьэ сыкІуащ. Жыгей кугъуанэм хугу къэп, кхъуей, лы гъур, шыуан цІыкІу, фальитІ, мэкъуауэзэр Іэнэ папщІэу зытешхыкІ пхъэбгъу пІащІэ кІыхь, кьынэмыщІхэри кьисхащ. Пщыэмкіэ сунэтІыжауэ, жыг къуагъым ди унэгутыр кхьыкъуокІ. Абы кхьэжиІащ ди унэм фІэкІ мафІэсым кьиззремылар, къуажэр нэгъэущ щІыпІэ зэрыІэпхъэунэр, тху уКІыгъэ, тІу уІэгъэ зэрыхъуар. Хьэнцейм насыпыншагъэр кхъуэзыхьар зэрыдзрэм шэч къытрахьэжыртэкъым, тхьэ яІуащ дунейм дытрамыгъэтыну. Пхъэщ зэбграгъэкІащ, Іэгъуэблагъэм щыс къуажэхэми лІыкІуэ ягъэкІуащ, ди хьыбар ирагъэхьри - драгъэубыдыщ щхьэкІэ.

ЩІэн кьыхуэмышІыжьыкІ Іэмал зимыІэт - ди унэр кьелат. Унэм зэрыхьри я губжьыр ягъэтІысын мурад ящІат, арщхьэкІэ ди унэІутхэр щхьэхуит зэрытщІар кьыщащІэм, дагъэзэжьыкІыжащ; Хьэнцэ Хьэрун и пхъур зришэлІэжащ... А разор жеслэжа нэужь, Хьэрычэт и пащІэкІэ щІэгуфыкІащ: «Гъунэгъу къуажэхэм дыкьыщерелыхьуэ, дэ езыхэм я ужь дитынщ. КъуажэщІэ яухуэмэ, зыпэдгъэплъэнкъым...»

Дышхэри зедгъэщІащ. Жэщ ныкъуэм Хьэнцейм тедгъэзащ. Іугъуэмэм угГъэбауэркъым, дзп ныкъуэсхэр яжьэм къыщІоплъ, блынхэр мафІэм илынІащ. Къуажэ сэхьжам сыщыдэплъэм, си гур аргуэру кьыхьдзэкъыкІащ. Дыгъуасэкъэ мыбы дэсахэмрэ дэрэ ди шыгъупластэ зэхэлъу щыщытар! Си тхьэкІумэм иджыри иКІакъым я фІэхъыс-сэлэмыр. Иджы, мис, ди зэранкІэ насыпынашагъэр къатепсыхащ. Шхыным я нэхъ Іэфіыр къытхуэзыгъэуву щета унэгуащэхэр, ди шыпхъу пІэльытэ пщащэжр, щІэдупскІэу щыта сабийхэр - псори гуфГъуэ нэщІым къиднащ... Гупсысэ хьэлъэм си гур педзэгъкІ, емыкІу кьызэрыдащІар сигу кьыщыкІыжкІи текІуэтыркъым а гупсысэр. Си гур зыщхъ гупсысэм и гугъу си кІуэщми ди хьэщІэмэ хуэсщІын ескуакъым...

Хьэнцейр, Іугъуэмэмэрэ сырымэмрэ хэкІри, губгъуэм итІысхьащ, арщхьэкІэ абыи щыдгъэтынщакъым. КІыфІым дыхэуваУэ, арщхьэкІэ абыи щыдгъэтыншакъым. КІыфІым дыхэуваУэ, мафІэм бгъэдэс тхьэмыщкІэхэм дахоуэ. Уэ макъыр кхьэдиуІыкІамкІэ задэ, дэ нэгъэущІ лъэныкъэкІэ дыкьыщоутэ. Зэхэзехуэн тщІыпІ дакъыхэкІыжащ, арэзы дыкъуаУэ. «Фальитім! Фыбыд!» - щыізэхьдох ди щІыбкІэ. - ВгъуэтмІ» - мэдыкьэшх Хьэрчэт...

Нэху щыри, унэІутым кьызжиІащ хьэнцейм дэнэ пІэныкъэкІи пхъэр зэрауТыпщащ. ЩІалэ лъэрэзехьэ гуэрхэри къытКІэщІауТыпщыхэн муращ яІэщ, ди тІасхъэ щІрагъэкъыщхьэкІэ. Нэхъ шууейхэр пІльыр ящІащ, кьуажэщІэ яухуэнуи загъэхьэзыр, гъунэгъуэхэр гурэ выкІэ зыдагъэІэпкъуну я хьисэмэ.

Мэзым цІыху къыщІыхьэн хуей хъунут пхъащхьэхэх. Ди псэупІэм зыгуэр кьыІуэнкІэ дышынэри, кьуажэр щІэрыщІэу тІысыжьыу, нэгъэущ щІыпІэ дыІэпхъуащ. Ди псэупІэр яхутарэ яміыхутарэ кьритщІэн щхьэкІэ, пщыІэм зы цейрэ гън зэрылъ хьэзыр зыбжанэрэ кьыщІэднащ - дыздэпІащІэм кьытщІыгупщэ пэльытэу. ПщыІэм щІыхьэІамэ, ар кьыщІинэнтэкъым.

Хьэнцейм пБлагъэ къэжэ гуэрым ди нэІуасэ дэсти, декІуэлІащ, Іэхум мызэ-мытІэу кьыддыхэтат ар, аращ дыкъыщІимыгъэщІэхъуари: амбарым дыщиГъэпщкІуащ, дишэр бом щиГъэбідащ. Махуэм щэ дигъашхэрт, кьытхуэхьэуи Іэшэльашэм щыхьыбарыр кьытхуихьэрт. И унэгуащэм фІэкІа дыкьыщІэсыжащ. Тхьэмахуэ щыдгъэкІуащ амбарым. Хьэнцейм тхьэмахуэ закъэуэм быт яхуэтщІэнт? ИтІани дызэш хуэщІ. Дзыгъуэ нэхъей гуэным дисыни кьедгъэкІуртэкъым. МафІэ хуэдгъэкІэсыжьым лъы зэращІэжьир, мазэхэ жэщым и закъуэ-кьым губжьыр щагъэтІысыр. Махуэуи закъуеГъэлъэгъупхъэт ди бийхэм, дазэрыщымышынэр кьагурыдгъэІуэн папщІэ. Ди нэІуасэм деж дыкьыздэкІыжащ.

Щэджагъуэ хьуауэ Хьэнцейм дабгъэдыхьащ. Банэ сэрейр кьрагъэжьакІэт, бжэгуэ яеэжр хасат, чы Іэпліакіуэхэр адэ-мыдэкІэ щыізэтелът, бжьыхьэр ныкъхъуэт... Хьэнцейм зыкъащІэж хуэдэт. Сэрей ныкъуэщым дыщъхьдэхащ. ЩІытІым щхьэщыт щІалэ щІыкІуэхэр арыхъ мэджжгу. Дыкъыщалъагъэм, джэгур зэпагъэури, я нэхэр кьыттраубыдащ. Зэхэзещхъуэн дащІа хуэдэщ. Исмел сэрэ дабгъэдэкІуатэри тІу къэтпхъэутащ, ди блэгуащІэм щІэдгъэджэразэри къэдгъэкІэрэхъуэжащ. Адрейхэри кІийуэ зэрехьэжьэжащ. КІий макъыр щІэзэжхьым, ліитІ-щы щІыпІым кьытепльэдэри кьытКІэлъыуащ. Шэр фийуэ дблэпьэтащ.

Шу гуп кьыткІэлъпхъэращ. ТхьэмахуитКІэ бом щІэта дишэр шабзэшъ пэлъытщ. ИтІани пхъэрыр кьыткІэльос. Зэхьдох я хьуанэщІанэр. Хьэрычэт, ди ужь итти, зигъаэзри пхъэрым яхэуащ. Іугъуэм си шынэхъыжьри пхъэрри заулкІэ щІихьмащ. Аргуэру къэІуащ фочуэ макъ, тІэу-щэхэуащ. ДыззэлпльэкІмэ - кьуажэм уанэгу нэщІу шищ долъдэж. Хьэрычэт кьыткІэщІыхьэжащ. Пхъэрыр ди ужь иКІыртэкъым. Мэзым дыхуоблагъэ, шым дельэдзкъэуащ. Хьэрычэт пхъэрым аргуэру захуригъэзэкІащ, зы лІи иригъэпсыхащ. Езыри уІэгъэ хьуащ - блатхьэм зыпхидзат шэм. Гъэхъуэмэ дынэри депсыхащ. ЩІалэ цІыкІуитІыпрэ шымрэ си пщэ кьыщІатхьащ. Хьэрычэтрэ Исмелрэ, жьгыим зыкъуадзэри, пхъэрым пэуващ. Пхъэрыр епсыхащ, шууэ кьыдзбГъэрыкІуэн шынэри. Къэуба щхьэкІэ, хущІегъуэжауэ кьыщІэкІынщ: джэду нэхьей, Хьэрычэтрэ Исмелрэ, жьгыим зыкъуадзэуэ, шэр зэуэм техуэу яутІыпщ; пхъэрыр, щтащи, нэуфыщІыцхэрыуэщ. Зэззэуащ, льэныкъуитІми гын къахуэмынэжьхьу. Гыныр щауихьм, зэбгъэдэкІыжащ...

Быысымыр - Жынус деж - декІуэлІэжащ. Хьэрычэтрэ Исмелрэ абы къанэри, Жынус дэрэ дежьащ: апхуэдэ къуентхъэр уи бийм и пащхьэ ибгъэлъ хъурэт, уи натІэ и гъэхьэн хуейт. ЕтІуанэ махуэм и пщэдджыжьым Кьербэч и хьэщІэщым дыщепсыхащ. Зэрихабзэтти, тхьэмадэр унэм истэкъым. Дыгъэр кьыщІэкІыху дыпэплъэн хуей хъурт, дэ бысымым нэмыщІ нэгуэщІым дыкъыпІэгъуным ди нэ кьызэрэуикІ щІыІэтэкъым. Сыт тщІэнур? Жынус - зи амбрым диса ди цІыхугъэм - хэкІыпІэ кьэтгъэтынтэкъэ: пщІантІэм дыхьэри щхьэгъубжэм еуІуащ, унэІутыр кьигъэушащ. «Мыращ, моращ, - жриІащ, - Кьербэч и унафэкІэ щІалэ цІыкІуитІ кьэтхьащ, щамыльагъун щыгъэпщкІун хуейщ, аращ тхьэмадэм и унафэр... ДыпІэуэжмэ, шыкІэм укІэрысщІэнщ, куэпэч!...» УнэІутым и бзэр быдэщ, итІани Жынус абы и тхьэкІумэр аргуэру иІуэнтІащ: «ЗыгуэркІэ уеупщынщ е зэбгъэупщынщи, кьызжиІакъым жумыІэж!» Абыкіэ дызэгурыІуэри хьэщІэщым дыщІыхьащ. ХьэщІэхэм ящІащ зыбжанэм нэмэз ящІырт, андеэ зыщти яхэтт, языныкъэхэри пырхьырт, жей фІэкІа дунейм кьытемынэжа нэхьей. Кьербэч дыщІэуэпщІащ, хьэщІэхэм нэхърэ нэхъыбІу ар иджвпоту щыхэтыр тщІэ пэтми. «Фыпэплъэ», - кьыжджІащ. Ди Іэщэр блыным фІэздзэри хьэщІэщ пліанэпэм дэт тетІысхьэпІэ кІыхьым дытетІысхьащ. Жьыуэ дакъыззэрыхьыхьар ягъэщІэгъуэнщ. ХьэщІэхэр кьытхущІопІэ: дызищІысыр кьащІэн мурад яІэ хунт. ЩІэкІи кьахохІ. ЩІэкІэри, хущхьэ-щатэ защІу, дишэм йоплъ...

Хьэсыжащ быысымри. Сыкъыщилъагъум, сэлам есхьи ипэ, кьызэупщІащ: «Уэ, щІалэфІ, уи кьуэшыр дэнэ кьыщІыбна?» Жэуап естын щхьэкІэ, и заКъуэу сыхуэзэмэ, нэхъ зэрэсфІэзаахуэр жеслаф. Кьербэч си блэр иубыдри хьэщІэщым сыкъыщІишыжащ. Жынуси кьыткІэлъыщІэкІащ.

- Хэт хьуну ар? - кьызэупщІащ Кьербэч, шыгъуэгум дыдыхьэ нэужь.

- Ди цІыхугъэщ.

- Дэгъэущ. Уи кьуэшым сыщІэупщІати?

- Си кьуэшыр мо щІалэм и унэм исщ, сэлам кьыпхэузгъэхьыжащ, тыгъэ кьыпхэущІащ, дунейм кьытумыгъэхьэ закъуэ...

- Афэрым! Дунейм кьытумыгъэхьэ закъуэ, жоІэ! Акъыл зиІэщ уи кьуэшыр... Сыт тыгъэ, жьыпІа?

- Пхуэдгъэфащэркъым, атІэми емыкІу дыкьыумыщІ: щІалэ цІыкІуитІщ.

Кьербэч, щІалэ цІыкІуитІым я пщІэу, шы дгъэуитІ кьыдитащ - шэси, уздыхуейм льатэ. Ари куэдыщэт. Аущ, кьызэрыкІамэ, Кьербэч узыпэмыльэщІ. Фэ, - жиІащ, - фыекІуэлІапІэншэщ, хэти фхуэдэн? Щыгъын илъхьэгъэ зырызи фызот. Си зы хьэщІэрэ абы и шу гъусэрэ фызогъэтІэщІ.

А псом и щІыІужкІэ тырку кьэралитІи кьыдитащ - си шынэхъыжьымрэ сэрэ. Абы щыгъуэ тырку кьэлатхэр пІэпсейт, ших зэрыхуэ иджырей кІэрахьуэхэм хуэдэу. Кьербэч и тыгъэм Іэужтхьэбзэ Іэджэ кьысхуищІащ сэ, мис, ноби зызохьэ я кьэлатыжьыр. Апхуэдэ зы-тІу сиІэжатэми! Лы гуп сапэувынт, губгъуэ нэщІым сащрихьэлІами... Си нэ кьызызыикІыпэр ших зэрыхуэ кІэрахьэрщ. Джаурхэм телъыджэу кьагупсысащ ар! Гъауэ, егъэкІэрэхъуэкІи аргуэру гъауэ!.. Тхьэсолъэ, збгъэдэль гоор щІэстынтэмэ апхуэдэ зы кІэрахьуэм! АрщхьэкІэ дэнэ кьиптхьи?

Жынуси Іыхьэншэ хъуакъым - кьамэ дэгъуэ къуритащ, тумэниТ зыщІэнт хъун кьамэ.

- «Шу махуэу дышэсат!» жьыхуаІэращ! - и Іупэр зэтехьэжьртэкъым Жынус дыкьыщыІуэжьым. Зыри зыфІэмытелъыджэ Хьэрычэти и фІэщ хъуакъым, Кьербэч и тыгъэ кьомыр щиІьагъум.

Зы махуэ зыдгъэпсэхури Хьэнцейм аргуэру дахьихьащ. ПхъащхьэхэхкІуауэ зредгъэхьэлІащ, мэзым хутыкъуауэ здыщІэтым, ви ТІощІрэ пщІыпІ яфІетхужьащ. КьытхьэІапхъэрэ щхьэкІэ, пІэсхэти, дэнэ кьыщыщІыхьэнт! Выхэр ермэлы сондэджэрхэм етщащ, езыхэм адэкІэ сэлэтхэм деж зэпрахуащ...

ХЬЭНЦЕЙМ зыхащІащ къалъитхьбиир зыхуэдэр! Къуажэ псор бий яхэхэуамэ, нэхъ кьащтэнт, абрэдж екІуэлІапІэнщІ, нэхърэ. Къуажэм пэувын шынэнтэкъым, дэрат Іэмал зыхуамыгъэутыр. Бгъэм хуэдэу датеуэрти, удын елдзаеуэ, напІэзэпІэм дыбзэхьыкьыт, нэпсрэ гузасэ макърэ фІэкІ кьызэдмынэкІауэ. Ди цІэм кьыдэскІэр сабийм я закъуэтэкъым. Ди цІэм щыщтэрт балигъри. Псэхэхьым Іуплъауэ, я щхьэфэцыр тэджьрт. Ди хьыбар фІэкІ щыізекІуэжьртэкъым Іэшэльашэм. ГъэщІэгъуэныбрэкъэ! Хьэнцейм я закъуэт ди лъым щІэхъуэпсыр, я ГъунэгъуэкІэ ди тельхьэ хуэдэт. Псом хуэмыдэжу щІалэгъуалэр. Ди лыгъэр яхуэІуэтэщІыртэкъым. Зыгуэрым зигу ебГъа щІалэхэм ГъусэзыкъытхуащІырт. Хьэнцейм ящІщ щІалищІ кьыткъыхьащ. Хуэмхуэмурэ гупышхэу дызэрыгъэхъуащ. Гъусэ зыкъытхуэзэщІыр лъаІуэрт и псэр пытыкъ зыкъэрытхуэзэжьнумкІэ псалъэ къеІыгъхьну, арщхьэкІэ си шынэхъыжьым идакъым псалъэ къаІихьн: щхьуейм тхрекІыж, жери. Пэжыр жьыСІэнщІ, Хьэрычэт щыгуфыкІыщэртэкъым дызэмыджв гъусэхэм. Абы фІэфІтэкъым а щІалэ щхьэпсыншэхэм лажьэ зиІэми зимыІэми яль зэрагъажэр. Ар кьанлыгъэт, дыгъуэш-дыгъуэлІыгъэт. Дэ ди Іуэхур нэгъэущІ тетт: дилъ тщІэжьыр, кьанлькІи дыгъуэш-дыгъуэлІкІи кьыздджэнІэуэ хуиттэкъым. Іэщ щІэтхужьэри сабий щІэтхьэжьэри ди бийм ягу нэхъри хэдгъэщІ мурадкІэт - ди щхьэм и кьулей дыпІыхьуэу аратэкъым. Хьэнцейм фІэкІ нэгъэущІым дигу хуэпІыртэкъым дэ, нэгъэущІым илъ дгъэжакъым. НэгъэущІхэми дарихьэлІат зэкъуэхуауэ - зы джэдкІэ нэхъ мыхъуми дахэІэбакъым. Ар щІыжьысІэращи, гупышхуэ дызэрыгъэхьуным ди я зыкІи кьыртхуикІыртэкъым. НэгъэущІкІи щІагъуэтэкъым гупышхуэ уэзрыгъэхьуныр. Шу щІыкІутху-тІощІ ухъумэ, яІэ узрихьэлІэ пабжьэм е кьуажэм зыщщІбгъэпщкІуфынутхъкым; щы фІэкІа дыщІымыхъум ди лъэужьыр тыншу дгъэкІуэдыфырт. Дигу иІыыр, дауи, гъусэ зыкъытхуэзыщІхэм жжетІэртэкъым. Хьэрычэти зэрыжиІати, ахэр езыр-езыруэр ткІэрыхужьынут, - атІэ сыт щхьэкІэ ди щІыб яхуэдгъэззэнт? Зыхэдмыгъэхьатэмэ, бий тІуащІэ кьыштлъыкъэкІынт...

Гупышхуэ уэзрыгъэхъуауэ, Жынус и унэм уисыжьфынт - пщыІэм дгъэззэжащ. Цейри ихъэзырэри зэрыщІэлът. Къуажэр тІысыжьатэкъым, ухущхьэущатэу мэзымущІэсырри зэшыгъэут.

ГупитІ зитщІыкІри жэщ къэс дежьэу щІэддзащ. Зы гупыр Хьэрычэт ирипшажьэрт; абы Исмели сэри дыщыІут. Адрей гупым щІалэ хахуэ гуэр, ДжэмгъурчийкІэ еджэу, пашэ яхуэхъуащ. Зыльныхъуа хуэдэжбзыр кьрататэкъым, арат ДжэмгъурчийабрэджжУ щысщэжьэкІэ.

Уи фІэщ мыхъуным хуэдизщ дэ зэхэтщІыхьар. Хьэнцейм я закъуэкъым гузэвэгъуэ щІыІэ зыльысар - ди гъусэхэм зэхэдз яІэтэкъым. Пашапэ зэхэуачэ - щхьэж и унэ итІысхьэжьырт, бжэщхьэІум кьебэжъуэхьну кьару яІэтэкъым. Ди ужь кьиувэ пхъэрым, зыщІэдгъэхьэрти, мыхьыр едгъэхьырт, мэлым хуэдэу пхъэ гуэргум кьытеднэрт. Хьэнцейм Іэщ мащІэ яфІэтхьа! Я мэкъуэ дгъэсащ, зы Іэмбатэ и хьэхуэдгъэнакъым. ЯщІэн ямыщІэжу кьыззэхэщащ ди бийхэр.

АпщІондэху кьуажэр тІысыжащ, кьуажэщІэр банэ сэрей тІуащІэкІэ кьращІэкащ. ДекІуэлІа щхьэкІэ, дыдихьэфакъым - пльырхэм гу кьытлъатащ. Хьэрычэт Іэмал хуеКІуэнтэкъэ! Псей гъур иупсри пхъэбгъу пІащІэ щІыкІу зыбжанэ ищІащ, пхъэбгъуэр гынрэ тхъуэбзащхъуэ ущэбакІэ ищІэращ. Дыгъэм хэпльхьэмэ, ар езыр-езыру кьолыщ. Унащхьэ тІощІ хуэдизым дэддзеифащ пхъэбгъуэр. Аргуэру кьыдэхъулІакъым: кьэлыда щхьэкІэ, ягъэункІыфІащ, ярищІа щымыІэу.

Иужьым Хьэнцейм я щІалэ цІыкІуитху кьыштІэрыкащ. Хьэрычэт и унафэкІэ щІалэ цІыкІухэр Жынус сэрэ, нэгъэущІ зы абрэджи ди гъусэу, убыхэм я деж тхьащ. Гъуэгур ихьэлъэт, жьыкъэт. Махуитлп кхуэщІэ убыхэм дахэсачэ къэдгъэззэжащ. ДешадеЛІауэ, ахъшэмым шым депсыхьжащ. ПщыІэм дыбгъэдохьэри - блыныр ищыкІащ, сэхыр мэпІий, бгъэныр икъуьжащ. КъызоІебэрэбыхь - зыри згъэтырыкъым: щІакІуи, бащІыкъки, кьынэмыщІи. «Мыр сыт, Жынус?» - гурыщхъуэ бзаджэ сщІауэ соупщІ. «ПщыІэм щІэззшыхьа хъунти, ежьагъэнэхьщ», - жеІэ Жынус. АрщхьэкІэ си гум жиІэр нэгъэущІ. Жынус щтауч кьрех. Мэкъу Іэмбатэм хрегъадзэ, пщыІэр кьеГъэнэху. ПщыІэжтэкъым ар, дыгъужь нэщІам дакьикъэ ипэкІэ яудзэгъуэ пэльытт. Си нэр сэхым кІэрылъ бжьыгъэм техуащ.

- Лъы!

Лъы зыщІэт щыІэ кІуэцІыр. Лъыр пщІат. ПщыІэм сыкъыщІожри шым сошэс. Хьэнцейм сызэрыпэсари сщІэжыртэкъым. Банэ сэрейм сельащ, шыр абдеж кьыщынэри. Ди унэІутым и тахуэнэм сыбгъэдолъадэ. ДжанэпщІанэу кьыщІож.

- Сыт кьэхуар, МатІэ?

- «Къэхуар» жоІэ, хьэмэ кьиплъха! Дэнэ щыІэ си кьуэшыр?

УнэІутым и фэр пыкІащ.

- Уэ ... дэнэ ущыІа уэ езыр? - кІэкуэкуэу кьызоупщІ.

- Кьэхуар кьыздриІэ!

Ерагъыу кьыздриШеЙуэ, псальитІ хуэзэпымыщІу, унэІутым кьэхуар кьызжиІэжащ....

ЛІыгъэкІэ зыри кьызэрыдамыщІэфынур кьагурыІуэри, Хьэнцейр Іэмал хуекІуащ. Кьуажэм щыщ щІалэщІэ гуэр щыгуазэт Джэмгъурчий зыльыхъуа хъыджэбзым щэхуу зэрыкІэлъыкІуэм. Ар зэхэзыхьпхъэм зэхриГъэхащ. Жынус сэрэ дежьа нэужь, пщыІэм кьытенэхэр, зэрахэбзэу, шэсащ. Хьэнцейм щынэсым, Джэмгъурчий, щхьэусыгъуэ ищІри, лъэныкъуэ зригъэзащ. Зым и пщІыхьэпІи кьыхэхуэртэкъым абы нэгъэущІ Іуэху зэрызэрихуэр. Псоми зэрагугъэр «уэзщІакІуэ» хъун кьиплъхьуэну арт. Арат дапщащи зэрищІыр. А жэщми епщІыжьыу кьыщІэкІынтэкъым и хабзэм, зыпэмыплъам Іумыуатэмэ. Зыпылъыр зыщІэс тэхъуанэм зэрыбгъэдыхьэхэху, Джэмгъурчийр яубыдащ, быхъи жрагъэІакъым. Зубыдахэм хъыджэбзым и адэрэ яхэтт. КьрауБыдыпІащ: ныжжбэ нэхъ пІалъэ кьыхэмыкІыу Хьэрычэт сымэ дыбГъэубыдынщ, дыбГъэубыдрэ - хъыджэбзыр удот, хьэуэ жьпІэрэ - пщэдей нэху здэщым хъыджэбзыр, нэгъэущІ кьыпльыхъуащи, еттынущ. Джэмгъурчий куэдрэ чэнджэщакъым. Ныбжьэгъым ирита псэльэм абжьауащ. Асыхьэтым нэчыхь иригъэтхри, КъурІэным телэбэуРэ тхьэ иІуащ пщэдей жэщ пщыІэр кьаригъэуХъуреиихьну. ЩІызэхуэзэнымкІэ ягурыІуэри, зыхэкІа гупым кьахьыхьажащ, къэхъуари ящІыбзыщІащ.

ЕтІуанэ жэщри кьэсащ. Гупыр нэжэгужэу пщІызм щІэсщ. МафІэр гуащІэщ, дзасэм фІэлъ лым дагъэр поткІу, пІастэри хьэзыр мэхъу. Абы хэту, фоч уэ макъ къэІуащ. МафІэм пэрыс тхьэмыщкІэр, си кьуэш закъуэр, кьамэм епхъуащ, арщхьэкІэ кьамэр кьамапІэм кьригъэкІуэта кьудейуэ, щхьэщыбкІэ джалэри и псэр хэкІащ. ЕтІуанэшэм Исмел хигъэщІащ. Зэрызэхьэу кьыщІылъытэхэщ - гупыр кьаухъуреихьакІэт. ЗыщІипІ фІэкІ яІэщІэкІакъым, адрейхэр хьэм хуэдэу зэтрауКІащ....

Апхуэдэу кІуэдащ Іэшэльашэм я щхьэфэцыр зыгъэтэджу щыта абрэдж гупыр. Хьэнцейр я фызхэм нэхъ нэхъ хахуэу кьыщІэкІакъым. Хьэрычэтрэ Исмелрэ хуэдэлІхэм нэгъэущІкІэ щхьэщынутэкъым ахэр. Хьэр кьыпкІэщІопхъуэ. Хьэрычэт и пащхьэ дэтхэнэри ихьэфынутэкъым. ЦІыху кьызэрыгуэкІтэкъым ар - аслъэнт! Сыт хуэдэлІэ сэфІэкІуэдар! Дэ гъауэу ди нэгу ди щхьэ щыІэж... Мывэ хабдзэмэ, псыр зэбгрэкри зэхолъэдэж - мывэр щІэтІысыкІа нэужь. Апхуэдэщ дигури: гъауэр щІотІысыкІри, аргуэрыжьщ...

Унэ!утым хъыбарыр иуха нэужь, кьуажэм сыдзджэдащ, хьэр кьыскІэзышъбанэу. СщІэнур сыт, сыздзкІуэнури дэнэ? А дакъикъэм си фэм дэкІа псор дэнэ щысщІэжьнэ?... СщІэжьр зыщ: сигу нэхъ кьызэрыгъуэтыжа нэужь, кьуажэм сыкьыздзкІыжащ; сигури жьыжэ ІукІатэкъым, закъуэ дыдэу сыкьызэрынар зыхихщІа нэхъей...

Ерагъмыгъуейуэ кьэзэгуэтащ Хьэрычэтрэ Исмелрэ, жэнаэыи дыуи трамыщІэу, хьэм хуэдэу, щыщІалъхъа хуейр. Си кьуэш тхьэмыщкІэм и кьажьщхьэм сытеджалэри сабийм хуэдэу сызэщыджэу сыгъащ. Уэшх хуэлІа щІыуэ, си псэр нэпс щІэлъэІурт, си бгъэр кьэнэным нэсат, ауэ си нитІыр гуущабзэт...

Адэкіэ зэрыхъуар сщІэжьртэкъым. Нэхущым дежщ зыкьыщыщІэжар. Хьэрычэтрэ Исмелрэ я кьъащхьэм сыбгъэдэту, сэ тхьэ сІуащ, лы тКІуэпс фІэкІ кьысщІэмыпэжьами, лейр сымыгъэгуну. Хьэм нэхърэ сынэхьыкІэщ, жысІащ, фильэ сымыщІэжмэ...

Ялъ сщІэжьыфа тхьэмыщкІэхэм, ягу згъэззэча щы фІыцІэм щІэлъ си кьуэшымрэ си щауэгъуэмрэ - ар кьэрщІащ, дяпэкІэ уззэгъэдэІэнур зэхэпхмэ. Иджыпстукіэ кьару сиІэкъым... Хьэрычэтрэ Исмелрэ псэум хуэдэу си нэгум щІэтщ. ИтІанэ си гум хьэлъэ гуэр кьытогъуалъхьэ, ахэр си нэгу кьыщІыщІыхьэкІэ.

Къэдрэ сегупсыса нэужь, зытезыбдарщ бжесІэнур...

- Щэщищ-махуищ гъуэгу сытетри, пщыкъэщхьэкъуэу, Лабэ нэхъсащ, си шым тхъурымбэр кьехуэхьу. Псы Іуфэм щэтыр хужьхэр щобырыб... Ар урыс лагерт. Іэщэ кьихакІэ сахьыхьакъым мы зэм, ныбжьэгъу кьэсщІыну арат. Ялъ сызрихьэлІар адыгэбзэ ныкъэ зыщІэ кьэзан гуэрщ...

- Сыт ухуей, кьунакъ? - кьыспежьащ ар.

- Тэрмэш! - жысІащ сэ.

- Сэ сыгъэрмэщ, - телэбащ кьэзаныр и бгъэм. - УтІасхъэщІэх?

- НтІэ...

- Лют тэрмэш ущІыхуейр? - кьэзгъэдыхьащ зы сэлэт.

Тэрмэш сыщІыхуейр щыжесІэм, сэлэтым, псалъэ кьыхимыгъэкІыу, шэтырышхуэ гуэрым сыбгъэдишащ. Абы я нэхъыщхьэр щІэст. Начальникым адыгэ щІалэ гуэр кьриджащ кьэзаныр щІигъэкІыжри. СащІыхьыхьамкІэ кьызэупщІащ. СыкъыщІэфхьыбар, жысІащ, кьулыкъу фхуэсщІэн, урыс-хэм ныбжьэгъу захуэсщІын щхьэкІэ. Начальникыр кьысщытхъуащ, абаззэхэм я тІасхъэ жесІэмэ, тыгъэ лъапІэ кьызитыныи сыкьигъэгугъащ. ИтІанэ адыгэ щІалэм и гупым сахишащ...

Апхуэдэу сакъыхэхутащ сэ урысхэм. Хэт и гугъэнт зэуапІэ губгъуэм фІэкІ абыхэм нэгъэущІ щыІпІэ сащрихьэлІэну?.. Нэхъапэм ар иКІагъэу сІыпІэт. Урысхэм щІэх ыдэ сесащ, зыгъэщІыфэ еспІьи хъуащ, нэхъапэм езмыпІащ.

Отрядым хэт адыгэ щІалэхэм - кьумалхэм ныбжьэгъу зыкъыхсхуащІащ, кьыспакІухь, сытКІи сагъэпажэ. Абы и щхьэусыгъуэри мыгувэу кьэсщІащ. Начальникым фІыщІэ къахуищыну ящІэмэ, абыхэм ямыщІэн щыІэхьым. Ныбжьэгъу зыкъыщхьэхуащІари аращ: сщІэр спкърахыу ар езым я щІэкІэ начальникым Іурадзэн щхьэкІэ. Абы гу лъымытапІэр иІэт? Си дзыхь зыми езгъэзакъым. Сыщалъхуа щыналъэр Іэщыб щІэсщІар абы мыгъуагъэ кьхуэсхьын щхьэтэкъым. Апхуэдэ мурадым дэтхэнэ адыгэри иребгынэ. Адыгэлъэтэкъым сэ згъэжэнур, Хьэнцейм ялът, Хьэнцейм я мыгъуагъэт сызыльыхьуэр.

Махуэ хъэси сольэІу начальникым: дзыхь кьыхсхуащІ, зэкъуэхуауэ фесшэлІэнщ. Ахъшэ, щэкІ кьызетри сыкьеутЫпщыж, ауэ и пІэм кьыхсхуишыркъым. МазитІ хуэдизкІэ дакІащ. Сэ сыкьытрет. Хьэнцейр тыншыжащ, я бийр ящыгъупщэжаГъэхэнкІи мэхъу - а гупсысэм си гур пешыкІ. Зы махуэм адрейр кІэлъокІуэ. Адыгэ щІалэхэр зыщІэс щэтырыр си егъэщІыпІэщ, сахэс щхьэкІэ псэльэгъу сщІын си жагъуэщ. СызэхищІыкІыну зы цІыху яхэслъэгъуакъым абыхэм, си гур ящыкІащ. Пэжщ, щІалэщІэ гуэр яхэтт, цІыхуфэ епплъ хъуну. Абы нэхъ сызэхищІыкІа хуэдэщ, гулъытн нэхъ кьыхсхущІащ. АрщхьэкІэ сигу хуэзІуэкъакъым. Отрядыр зекІуэ кьикІыжа нэужь и унэ сихьыну сызэрыригъэблэгъами селъэпэуащ - иужьым сыхущІегъуэжьгъащ абы. Си кьуэшыр щысфІэкІуэдым, псоми дыдж сахуэхъуат. Хэт икІуэ, хэти бзаджагъэ зэрихьэу кьысщыхъурт. Сыткіэ ущыгугъ хъужьнт зи щхьэр зужэгъужам! Сэ, зызумысыжнщи, си псэр сфІэІэфЫжкъым, си щхьэр си жагъуэщ. Зы мурадщ гъащІэ щІ

Зы щIыналъэ - зы лъагъуэ

● Дунейпсо утыкум

Китайм мы махуэхэм щызэхуэсащ къэралыгъуи 100-м щIигъуи я лIыкIуэхэр. Абыхэм яхэтащ къэрал 30-м я Iэтащхьэхэмрэ правительствохэм я унафэщIхэмрэ. Пекин щыIа «Зы щIыналъэ - зы лъагъуэ» форумышхуэм и гугъу щащIащ Евразием и къэкIуэнум. Абы къыщыпсэлъащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир.

«ЕВРАЗИЕР геополитикэ схемэ къудейкъым, атIэ цIыхубэм я гъащIэр езыгъэфIэкIуэну инэкIэ плъэ проектышхуэщ», - жиIащ Путиным икIи къыхуигъэжащ къыркIэ, гъэкIуэнщэныгъэкIэ, гукъанэкIэ псалъэмакъэр зэхэгъэкIыным къыпэрыкIыу мамыр зэпсэлъэныгъэм хуэкIуэну. «Евразием дуней псом щапхъэ иригъэлъагъун хуейщ: Атлантикэм къыщыщIэдзауэ хы Хуэмым нэс къызэщIиубыдзу зэгурыIуэныгъэр щытепщэ щIыналъэ абы къыщыдзэгъэпэщыпхъэщ», - къыхигъэщащ абы.

Путин Владимир и къэпсэлъэныгъэр хабзэмрэ тхыдэм и дерсхэмкIэ къыщIидзащ. Евразие псори зэпызыщIу щыта Дарий лъагъуэ цIэрыIуэм зы псыкъуийм къыщыщIэдзауэ адрейм нэс, зы жылагъуэм щегъэжьауэ нэгъуэщIым нэс зэпищIэу щытащ. «ЗэхуэзэкIыныгъэхэм я тхылъым» псыкъуийр псэхэлъхьэжу къыщыгъэлъэгъуащ, - жиIащ урысей лIыщхьэм. - ИкIи абы ихуэреягъкIэ зэныбжьэгъугъэ къыщоунэху. Псом хуэмыдэу иджыпсту а Iуэхугъуэм мыхьэнэшхуэ иIэщ: дунейр гугъуехьышхуэхэм Iоущ, экономикэ зыужьныныгъэм и жыпхъэхэу нэхьапэм щыIахэм къару яхэлъыжкъым. «Социальнэ къэралыгъуэм» и концепцэр щIыналъэ хуэдым щыдэхуэхащ». Путиным къызэрыхигъэщамкIэ, глобализацэм и жыпхъэу нэхьапэм щыIар екIакуэныр дунейпсо щынагъуэнщагъэм зэран хуохъу. Экономикэ зыужьныныгъэм щыщIэ щытыкIэ гугъур зэпIэзэрыт мыхьауауэ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ упэлъащыщыкъым.

«Зыщыдгъэгупщэ хуэныгъэкIуэным Евразием и щIыналъэ куэдхэм ильэс зыбжанэ хуъауэ щыщыIэ зэпэщIэныгъэхэмэ къарикIуэ зэранар. А зэхэзэрыхьахэр зэхэтхыжьыфын папщIэ мамыр зэпсэлъэныгъэм дызэрыхуэкIуэным дыхущIэкъупхъэщ», - къыхуриджащ Путиным. ЕплъыкIэжьхэмкIэ къэралхэм я зэпэщIэтныныгъэхэр пхуэгъэсабырыжьнукъым, еплъыкIэщIэхэр зэхэдгъэувэн хуейщ». Урысейм и Iэтащхьэм и псалъэхэм зэзэрыхэщамкIэ, дуней псом егъэльагъупхъэщ ООН-м игъэува лъэпкъхэм я зэхуэдэныгъэр, щхьэхуитныгъэр, пэжныгъэр зи пъабжьэ зэдэлэжьэныгъэм и щапхъэр.

«ЕАЭС-м, «Зы щIыналъэ - зы лъагъуэ»-м, ШОС-м, Азием и Ипщэ-КъуэкIыпIэ къэралхэм я зэгухьэныгъэм я къарухэр зэкъуэувамэ, евразие зэгухьэныгъэшхуэм и лъабжьэ ар хъуфынут, - жиIащ Путиным. Абы Iэмал къыдитынущ зэи къэмыхъуауэ Атлантикэм къыщыщIэдзауэ хы Хуэмым нэс къызэщIэзыубыдэ зэгухьэныгъэ къызэдгъэпэщыну. «Зы щIыналъэ - зы лъагъуэм»-р Ищхъэрэ тенджыз лъагъуэмрэ я проектхэм Евразие щIыналъэм и транспорт зэпэщIэныгъэм тепльэкIэщIэ иратыфынут.

«Евразие зэдзэкIэныгъэм и къэкIуэну Урысейм хилъагъэр къэралхэм я экономикэ зэпыщIэныгъэщIэхэм я закъуэкъым. Абы ихъуэжын хуейщ щIыналъэм и политикэ, экономикэ теплъэр, Евразием мамырыгъэ, зэпIэзэрытныгъэ, екъулIэныгъэ, гъащIэщIэ къахуихьыпхъэщ, - къыхигъэщащ Путин Владимир. - Евразие Иныр ар зы щIыналъэм щыпсэухэр къызэщIэзыубыдэ Iэмалкъым, атIэ, егъэлеиныгъэ зэмылIу, къэкIуэнум хуэдэ щыдэхуэхащ». Путиным къызэрыхигъэщамкIэ, глобализацэм и жыпхъэу нэхьапэм щыIар екIакуэныр дунейпсо щынагъуэнщагъэм зэран хуохъу. Экономикэ зыужьныныгъэм щыщIэ щытыкIэ гугъур зэпIэзэрыт мыхьауауэ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ упэлъащыщыкъым.

«Зыщыдгъэгупщэ хуэныгъэхэр къалъхьхуэ».

Зи гугъу тщIы карточкхэр щатынущ. Щыхуэхэр социальнэу хъумэныкIэ Iэхуащ Iапlэхэм. Ар къызылъысынур зи хэхъуэр мащIэ дыдэ унагъуэхэращ. «Мир» лъэпкъ системэм пыщIа карточкхэм мазэ къэс балл бжыгъэ пыухыкIа къэкIуэнухэмкIэ щыхуэхэм къащхъуфынущ ди къэралым щащIа ерыскъыхэкIхэр, фадэмрэ тутныныгъэ къищынэмыщIауэ. Мазэм къиубыдэу къамыгъэсэбэ баллхэр абы и кIэм кIуэдыжынущ. Мыпхъур карточкэм къипхъыфынукъым, ауэ ущыхуейм и деж ахъшэ хэпIэхьэ хъунущ.

Социальнэ программэм хэтыфынущ сату щащI предприятэ пыухыкIа къэхъыщхьэр - ахэр программэм и системэм пыщIауэ щытынращ. Ар зригъэкIуэнущ Урысейм и банкышхуэхэм ящыщ зым.

ИГНАТОВЗ Ольгэ.
«Известия»

Экономикэ Политикэ Махуэку Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Дэнэ ущыпсэуну нэхъыфI?

● ГъащIэ

2016 гъэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, Урысейм и щIыналъэхэм я нэхъыбэм унагъуэхэм я псэукIэр нэхъыкIэ щыхъуащ. Нэхъапэми хуэдэу, щIыхуэр зыхуей щыхуэзэр Ямало-Ненец автоном округырщ. Абы къыкIэлъокIуэ Чукоткэмрэ Мэзкуурэ. НэхъыкIэ дыдэр Псков областырщ.

АПХУЭДЭУ кIигъэлъэгъуащ урысей унагъуэхэм я псэукIэр къэзыпщыта «Россия сегодня» хъыбарегъащIэ агентствэм.

ЩIэупщIэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым гулъытэ хуащIащ ику иту щIыналъэм къыщекIуэкI улахуэр къэзыхь сабиитI зыпI адэ-анэм унагъуэр зыхуэныкъуэ дыдэхэм я уасэр хагъэкIа нэужь къахуэнэ ахъшэм.

Улахуэм хохъуэ, псэукIэр иокIакIуэ

IэщlагъэлIхэм къызэрыхагъэщамкIэ, 2015 гъэ пщIондэ Урысейм и щIыналъэхэм зэрыхуейм хуэдэу кIигъэсэбэпыфын ахъшэ хуитхэр унагъуэм нэхъыбэ щыхъуурэ екIуэкIащ. АрщхьэкIэ, иужькIэ ди къэралым къытепсыха кризисым и зэранкIэ, ахъшэ хуитхэр унагъуэхэм щымыIэж хъуащ, IэмалышэхэмкIэ къагъэсэбэп мыхъумэ.

«Урысейм улахуэр ику иту процент 4,2-кIэ щыхэхъуа пэтми, инфляцэм и зэранкIэ унагъуэхэм я нэхъыбэр хуэмыщIауэ псэуным хуэкIащ», - кIащхъ къэхутэныгъэхэм.

КъэпщытакIуэхэм къызэрыхагъэщымкIэ, рейтингым ищхьэкIэ къыщыхэтенащ индустрием зыщиужьахэмрэ щIым къыщIах хъугъуэфIыгъуэхэмрэ щыкуэд щIыналъэхэмрэ. Илъэбжьым къыщынащ промышленность мащIэ зиIэ щIыналъэхэр.

Сыбырымрэ Мэзкуурэ пашэщ

Илъэс зыбжанэм къриубыдзу зэкIэлъхьэужьу рейтингым ящ увыпIэр щиIыгъщ Ямало-Ненец автоном щIыналъэм. ЗымащIэкIэ абы къыкIэроху Чукоткэр. Сабиитl щапI унагъуэм Iэмалынышэу зыхуэныкъуэхэмкIэ мылъкур къыщагъэсэбэпа нэужь, абыхэм зэрызэкIэлъыкIуэу ику иту сом мин 91,1-рэ сом мин 89,9-рэ дэтхэнэми ахъшэ хуиту къахуонэж. Сом мин 70-м нэблагъэ унагъуэм къыщонэж ещанэ увыпIэр зыIыгъ Мэзкуу къалэмэ. 2016 гъэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, еплIанэ увыпIэм нэс къыдэкIуэтеящ нэгъабэ ебланэ увыпIэм щыта Сахалин областыр.

«Ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу мы зыращ унагъуэхэм къинэ ахъшэ хуитым щыхэхъуар. 2015 гъэм елъытауэ ар процент 9-кIэ нэхъыбэщ», - кIахь къэхутакIуэхэм.

Иджыри щIыналъищым - Ханты-Мансийск автоном округ - Югра, Ненец автоном округ, Магадан область - унагъуэхэм я ахъшэ хуитыр сом мин 50-м щыщIегъу.

Къулейсызыгъэм зеубгъу

Сабиитl зыпIу ахъшэ хуиту сом мини 10 нэхъри нэхъ мащIэ къызыхуэнэ унагъуэ щыщыIэ щIыналъэхэр 2015 гъэм зэрыхъуу щытар 6-щ. Иджы апхуэдизкIэ 26-м нэблэгъащ. ЩIыналъэ 18-м щыпсэу унагъуэхэм ику иту сом мин 10-м къыщыщIэдзауэ сом мин 15-м нэс къонэж.

Рейтингым къызэрыщыхьамкIэ, нэхъ къулейсыз дыдэ унагъуэхэр щыпсэур Псков областырщ. Абы ахъшэ хуиту къащыхуэнэжыр сом 570-рэщ. Иужьрей ильэсхэм къриубыдэу а областым иIыгъ увыпIэм зихъуэжакъым, ауэ ахъшэ хуиту къахуэнэр процент 93-кIэ нэхъ мащIэ щыхъуащ. Аращ щIыналъэхэм ящыщу нэхъыбэ дыдэкIэ ехар.

И лъабжьэмкIэ къыщыщIэбдзэмэ, етIуанэу щытщ Дагъыстэныр. Абы щыпсэу унагъуэхэм къахуэнэжыр сом мин 2,4-рэ (и пэ ита ильэсым нэхърэ процент 74-кIэ нэхъ мащIэщ). ЗыкIэ укъыдэIэбеижмэ, Иванов областыр къыщыуыIащ (сом мин 3,1-рэ).

УвыпIэхэмкIэ зохъуажэ

Зи щытыкIэр нэхъыфI дыдэ хъуахэм ящыщщ рейтингым бжыгъэ 14-кIэ къыщыщдэкIуэтея Самарэ областыр. 2016 гъэм и ужькIэ ар 43-нэ увыпIэм къикIри 29-нэ хъэсащ. УвыпIи 8-кIэ къыдэIэбеящ Мордовиер, хырыхкIэ пашэхэм гъунэгъу зыхуащIащ Рязань областымрэ Удмуртиемрэ. Къыхэгъэщыпхъэщи, унагъуэм къинэж ахъшэ хуитыр Сахалин областым къищынэмыщIауэ Урысейм дэни нэхъ мащIэ щыхъуащ.

И щытыкIэр нэхъыкIэ хуащ увыпIэ 14-кIэ къехыу 50-нэ хъуа Карелием. Примор крайр бжыгъэ пщыкIуэкIэ нэхъыкIэхэм гъунэгъу яхузэхуащ. Ингушым увыпIибл кIэригъэхури, рейтингым 69-нэу къыщыхутащ.

Зы сабий фIэкIа щIэмысмэ нэхъ тыншщ

Росстатым къызэрихутамкIэ, зы сабий фIэкIа зыщIэмыс унагъуэхэм я псэукIэр нэхъыфIщ. Апхуэдизкъым ику иту ахъшэ хуиту къахуонэж сом мин 20-м къыщыщIэдзауэ сом мин 50-м нэблагъэ. А къэпщытэныгъэхэм пашэ щыхъуащ Чукоткэр: зы сабий фIэкIа зымыIэ унагъуэм ахъшэ хуиту сом мини 106,8-рэ абы къащыхуонэж. Ямало-Ненец автоном округыр (сом мин 106,7-рэ) етIуанэщ. НэхъыфIищым яхэтщ Ненец автоном округыр (сом мин 83,2-рэ).

Псковдэсхэр иджырей къэпщытэныгъэхэми щынэхъыкIащ. Зи гугъу тщIы унагъуэхэм хуэдэхэм ахъшэ хуиту абы къащыхуэнэжыр сом мини 10,6-рэщ.

ТРЕФИЛОВ Владимир.
РИА хъыбарегъащIэ IэнатIэ

● Накъыгъэм и 18-р Музейхэм я дунейпсо махуэщ

Гъуаздж эр зыгъэбей

Хабзэ дахэ хъуауэ, гъэ къэс накъыгъэм и 18-м Музейм и дунейпсо махуэр дэнэ щIыпIи щагъэльапIэ. А махуэм щIыхьэпщIэ Iамыхыу музейхэр мэлажьэ, щIэлъ хьэпшыпхэм ирагъэплъ, абыхэм я хъыбархэм, я тхыдэм хагъэгъуазэ.

МУЗЕЙР лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я щэнхабзэм щыгъуазэ узыщIы, гъуаздж эр зыгъэбейщ, абы зезыгъэужьщ. Я махуэм ирихьэлIэу гъэльэгъуныгъэхэр, фестивалхэр ирагъэкIуэкI, лекцэхэм къоджэ, театр теплъэгъуэхэр, экскурсиехэр къызэрагъэпэщ.

Музейхэм я дунейпсо советым и конференц Москварэ Ленинград (иджы) Санкт-Петербург, 1977 гъэм щыщIекIуэкIам, махуэр ягъэуващ икIи абы лъандэрэ ильэс къэс дэнэ щIыналъи щагъэльапIэ, зы Iуэхугъуэ хухахри. Иджы а щытыкIэм цIыхухэр есащи, ар къыщыблагъэкIэ инми цIыкIуми нэгуэныжь зэращыхъунум, зэрызагъэпсэхунэм зыхуагъэхьэзыр. Махуэшхуэр лэжьэгъуэу щытехуэм и дежи, музейхэм куэд зэрекIуалIэр и нэщэнщ ар Iуэху дахэу, щхьэпэу зэрыщытым.

Илъэс зыбжанэ хъуащ Урысейм и щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм, Франджым щыщ я лэжьэгъуэхэм я жэрдэмыр я щапхъэу, Музейм и дунейпсо махуэм къыдэкIуэу, музейм и жэщри зэрагъэльапIэрэ. Налшык а Iуэхур мы гъэм етIуанэу щокIуэкI. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Пъэпкъ музейм Андрей и Тканенко Андрей и щIэр зезыхъэ Гъуаздж эм и музейм ар гукъинэжу щагъакIуэ.

Щ1ыналъэм и щэнхабзэм и зыужьныныгъэхэм ящыщщ республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ я музейхэр зэрылажьэр, хьэпшып гъэщIэгъуэнхэмкIэ я Iуэхущапlэхэр зэрыкъулейр. ЗэрытщIэщи, музейхэр республикэм и тхыдэм и гъуджэщ. Абыхэм я фондхэм щахъумэжам гъащIэм и пэжыр куууэ къыщыгъэльэгъуащ, хьэлэмэт, дахагъэ куэдри яхьболъагъуэ. Апхуэдэхэщ пхъэм къыхэщIыкIа лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэр, сурэтхэр, цIыхубз, цIыхухъу лъэпкъ фащэхэр, хьэкъущыкъуэхэр, Iэщэхэр, нэгъуэщI хъэпшыпхэр. Къыхэгъэщыпхъэщ абыхэм кIуэ пэтми къаазэрыхэъуэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● ФIыщIэ

Ягу ихунукъым

Налшык дэт курыт еджапIэ №8-м гулъытэ щыхуащI лъэпкъ щэнхабзэмрэ псэкупсэ гъэсэныгъэмрэ къыдэкIуэтей щIэблэр щIэпIыкIыным.

ЕДЖАПIЭМ и унафэщI Елмэс Зейнэф дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, совет къэралыгъуэр зэрыльэлъэжрэ мы Iуэхур мащIэу Iэщlыб ящIауэ къекIуэкIащ. Иджы школым щезыгъаджэхэм я зэфIэкI псори ирахьэлIэ ди Хэкумрэ лъахэмрэ я тхыдэм, ди нобэрей гъащIэм теухуауэ дерс щхьэпэхэр цIыкIухэм зэрыдагъэкIуэкIыным. Апхуэдэу школым хэт сабий сад №74-нэм мы мазэхэм цIыкIэкIащ «Ди гум фильщ, фи щIыхьыр инщ» псалъащхьэм щIэт пшыхь.

Я анэшхуэ-адэшхуэхэм ятеухуа хъыбархэр зымыщIэ цIыкIухэм яхэттэкъым. Ахэр зэпеуэу тепсэлъыхьажащ зауэм хэтахэм зэрахьа лIыгъэм, ягъэва гугъуехьхэм.

Сабий садым и лэжьакIуэхэмрэ гъэсэнхэмрэ зауэм теуха уэсхэм къеджащ, макъамэ-литературэ теплъэгъуэхэр ягъэлъэгъуащ, уэрэдхэр жаIащ.

ИужькIэ ныбжьыщIэхэм уэгум ирауты IыпщхьащI шар зэмыфэгъуэхэр.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Урысейпсо зэпеуэм хэтынухэр

● ЩIэблэ

КъБР-м щыIэ МВД-м и музейм къыщапщытэжащ илъэс ирагъэкIуэкI «Полицейский дядя Стёпа» урысейпсо зэпеуэм и щIыналъэ зэхьэзэхуэм кърикIуэхэр.

УРЫСЕЙ МВД-м и щIыналъэ IэнатIэхэмрэ абыхэм я жылагъуэ советхэмрэ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу илъэс ирагъэкIуэкI мы зэпеуэр. Ар хуэунэтIащ полицэм и лэжьыгъэм и мыхьэнэр цIыкIуэм зыхегъэщIэным.

Мы гъэм творческэ зэпеуэр хуэгъэпсат Урысей полицэр илъэс 300 зэрырикъуэм. Республикэм и сабий, творческэ гупхэм я IэдакъэщIэкI 20-м щIигъу кърахьэлIат абы.

Жюрим хэтащ КъБР-м Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и Iэнатlэхэмрэ къэрал кIуэцIыдзэхэмрэ я ветеранхэм я советыр, КъБР-м щыIэ МВД-м и Жылагъуэ советым я унафэщIхэу Думай Борисрэ Балъкъыз Валерэрэ, министерствэм и Жылагъуэ советым хэтхэу Мэкъауэ Радимэрэ Гавриленкэ Романрэ, республикэ МВД-м и лэжьакIуэхэр.

ТхылъымпIэм, пластикым, пхъэм, пластилиным къыхащIыкIхэр гъэщIэгъуэнт, нэхъыфIыр къыхэпхыну гугъут.

Зэпеуэм щытекIуащ Старэ Щэрэдж къуажэм щыщ илъэсипщI зи ныбжь Дзыгуанэ Илонэ тхылъымпIэм къыхищIыкIа сурэтышхуэр. ЕтIуанэ увыпIэр лъысащ пхъэр зэрытрагъэсыкI Iэмалыр къигъэсэбэпу «Полицейский дядя Стёпа» зыщIа Гельберт Сашэ (илъэси 10), Нарткъалэ дэт «Радуга» сабий творческэмкIэ Iуэхущапlэм и гъэсэным. Ещанэ увыпIэр иубыдащ «Полицейский на страже закона» композицэ тельыджэр зыгъэхьэзыра, илъэс 13 зи ныбжь Галачиев Станислав (Налшык) къалэ.

Жюрим игъэуват «За оригинальность исполнения», «Ко Дню Великой Победы» номинацэ хэхахэр. Япэм щытекIуащ Нарткъалэ и «Радуга» сабий творческэмкIэ Iуэхущапlэм и гъэсэнхэу Мельниковэ Ангелинэ, Хьэлышх Элинэ, Тау Миланэ сымэ зэдагъэхьэзыра лэжьыгъэр. ТекIуэныгъэ Иным хуэгъэпса Iыхьэм щынэхъыфIыщ Нарткъалэ щыщ Трегубов Валерий и «Катюша»-р.

Урысейпсо зэхьэзэхуэм и Iыхьэу республикэм щекIуэкIам щытекIуахэр Къабэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэу хэтынущ творческэ зэпеуэм и кIэухым. Къагъэхьа лэжьыгъэ псори КъБР-м щыIэ МВД-м и музейм и экспозицэ хъуащ икIи накъыгъэм и 18-м, Музейхэм я дунейпсо махуэм, ягъэлъэгъуэнущ.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ КъБР-м щыIэ министерствэм и пресс-Iуэхущапlэ.

«Таврида»-р яукъуэдий

● Гъуэгухэр

Симферополь къалэм километр 37-кIэ пэжыжьэу щыщIэдзащ «Таврида» федеральнэ трассэр укъуэдиныр. Абы щыхьэт техьуэ мывэр иджыблагъэ ягъэтIылъащ.

КЪРЫМ Республикэм хыхьэ Белогорскэ щIыналъэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэIущIэм хэтащ Урысейм траспортымкIэ и министр Соколов Максим, Роставтодорым и унафэщI Старовойт Роман, КъР-м и Iэтащхьэ Аксёнов Сергей, республикэм транспортымкIэ и министр Волков Анатолий сымэ.

«Таврида» трассэр ирикIуэнущ Керчь - Феодосие - Белогорск - Симферополь Бахъшысарай - Севастополь лъагъуэм. Автомагистралым и кIыхьагъуэ щытынущ километр 253-рэ. Ухуэныгъэм и япэ Iыхьэр 2018 гъэм и кIэуэм нагъэсыну я мурадщ. А зэманым къриубыдэу яукъуэдиныр лъэныкъуитIымкIи кIуэ автомобиль лъагъуэ зырыз. 2020 гъэм и кIэухым ирихьэлIэу гъэугъэр тIырытIу щызэблэкIыу ящIынущ.

«Федеральнэ трассэм текIуэдэнщ сом меларди 138,9-рэ. Ар нэгъабэрей уасэхэм тещIыхьауэ къабжащ. Абы тетущ проектри зэрагъэхьэзырар», - щыжиIащ зэIущIэм Соколов Максим.

ЗэрызагъэфащэмкIэ, зы суткэм гъэугум щызэблэкIыфынущ автомобиль мин 21-м къыщыщIэдзауэ мин 39-м нэблагъэ. Абы щызекIуэ хъунущ сыхьэтым километри 120-рэ и псынщIагъуэ. Автомагистралыр иукъуэдиинущ Санкт-Петербург и «ВАД» акционер зэгухьэныгъэм.

КОТЕНЕВЭ Ольгэ.
«Российская газета»

Плlанэпэр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Замирщ.**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленным и уэрам, 33.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныгъэр зыхъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 3.721
Заказ №606